


85



PDF Reducer Demo

DEWARUTJI

ANGGITAN M.A. SALMUN

BALAI PUSTAKA

A. S. Rachmat

DEWARUTJI

ANGGITAN

M. A. SALMUN

TJITAKAN KA DUA

*NONI.S
A.M.A.T.S.R*



BALAI PUSTAKA
DJAKARTA
1953

Gambar djild kenging
BAHARUDIN

Rp 7.20

B. P. No. 1700
HAK NU NGARANG
DITANGTAJUNGAN KU
UNDANG-UNDANG

PIHATUR

Ieu buku rengsena dianggit dina mareumkeun taun 1941. Patali saréng rupi-rupi kaajaan nĕmbe tiasa kaluar ajeuna, 1948.

Tiasa djadi aja nu njĕbatkeun: „Naha sanggeus ngalaman „ngagolak” tudjuh taun, bĕt masih keneh bae ngaluar-luarkeun tjarita wajang ? Kawas euweuh deui bae pitjaritaeun.”

Ka nu kagungan emutan kitu, kieu katĕranganana.

Di antawis lalakon wajang, seueur anu hirup tumuluj, teu laas ku mangsa, teu pugur ku usum. Lalakon tea, nja eta: Mahabarata, Batara Rama, Ardjunawiwaha (Mintaraga), Dewarutji, Asmara-Dahana saréng sawatawis deui.

Dupi margina anu mawi tiasa tĕras-tumĕras njajang dina galeuh urang, ku margi w i d j i n a lalakon sapagodós saréng lĕlĕmbutan Timur.

Tah ieu, patali saréng widji tea anu mawi hojong ngaluarkeun teh.

Ti baheula mula Dewarutji teh parantos dianggap lalakon luhung, djĕro teuleumaneunana.

Anu rĕsĕp ngulik kaluhungan saréng kabatinan, dina ieu buku tangtos bruh-breĕh mĕndakan pĕsekeun.

Ku Ki Budjangga mung ditembongkeun bung-keuleukna bae, lir kalapa huluan. Padahal salébëting tapas aja batok, behditueun batok aja daging. Ingdalëm daging aja pati sarëng minjak. Anu tiasa mësek sarëng ngokolakeunana. insja Allah baris ngaraoskeun paedahna tji pati atanapi minjak tea.

Bahan-bahan kanggo nganggit ieu wawatjan: djabi ti sok nguping ti dalang sarëng matja tina buku titilar sèpuh nu diserat ku panangan ku aksara Sunda teh, dibanding ku „Dewarutji” jasana Dr. Prijohutomo sarëng „Bimasutji” wëdalan Bali, njandak tina salinanana.

Mugi-mugi ieu buku aja paedahna.

M. A. S.

Djakarta, 11 Desember 1948.

PIHATUR DINA TJITAKAN KA DUA

Dina tjitakan ka dua, ieu wawatjan anu ke-
ning nganggit tina sawatawis babon teh di ditu
di dieu diuwuhan. Di pungkur disajagikeun
daptar ngaran.

Sanadjan direka saréng dianggit, widjina mah
tétép, henteu dirobah.

Tjindékna, upami di Djawa aja „Dewarutji”,
di Sumatra aja „Nawarutji”, di Bali aja „Bima-
sutji”, di Sunda simkurig njobi-njobi ngareka
„Dewarutji-Sunda”.

Ieu buku nja alit nja ipis. Maksudna ge da
sanés bade ngadamél wintjikan pangaweruh
anu nja kandél nja awis. Ieu mah sakadar aosan
panglédjar anu disélapan pulunganeun.

M. A. S.

Bogor, 29 September 1952.

Sinom

Sinom pamuka tjarita, katjaturkeun hidji nagri, gēmah-ripah djēmbar hardja, pasir-wukir loh-djinawi, sugih wibawa mukti, mahmur subur pandjang-pundjung, murah sandang djeung pangan, sēnang pikir abdi leutik, geus kontjara mashur nagara Astina.

Sok katēlah Gadjahwaja, tēgēsna teh „dajeuh Asti”, ngalap djēnēngan Sang Radja, anu ngababakan nagri, djēnēngan Prabu Asti, rundajan Sang Prabu Kuru, tēdak Prabu Barata, nu mashur sakolong langit, turun-turun ka Sri Nata nu kontjara.

Djēnēngan Sang Durjudana, sok katēlah Kurupati, atanapi Sujudana, djeung osok katēlah deui, Sang Kurunata adji, djeung Djakapitana mashur, salira Kangdjēng Radja, surup dēdēgan narpati, djangkung ageung sambada ngandung komara.

Matak adjrih pērbawana, titisan andana warih, gēntrana agēm geueuman, nanging panganggona rintih, djatnika ajēm tartib, hēnteu garadag-gurudug, alon ana ngandika, kasauran

atra sidik, unggal kětjap gampil dihartoskeunana.

Katjarita hidji mangsa, Sri Nalendra Kuru-pati, magēlaran di paseban, diparēk para bupati, sarēng ponggawa mantri, kērsana bade barēm-pug, djalaran Sang Srinata, lēbēt kana sindir Kawi, kadya tjandra kalingan badjra irawan.

Tjandra teh tēgēsna bulan, badjra irawan kawarti, hartosna pēpēdut mega, djadi tēgēsna Sang Adji, tjara bulan di langit, kapindingan ku pēpēdut, hēnteu tembong sinarna, sasmita sungkawa galih, pētēng kalbu samagaha manahan.

Linggih di malige rētna, dideuheusan ku sang jogi, nja eta hidji pandita, dipisēpuh ku sanagri, panarosan Sang Adji, dipundjung diugung-ugung. Bagawan Kombajana, atawa Dorna maharsi, djeung sok nēlah Sang Pandita Sokalima.

Di sakiwaeun pandita, rada beh pungkur saeutik, Sang Pērēbu Baladewa, Ratu di Mandura nagri, laer-laer ge wargi, turug-turug sarēng Ratu, tunggal sami mērtua, sarehing parameswari, raji tēgēs geureuha Sang Baladewa.

Kadjabi ti Baladewa, aja mitra dalit Gusti, diangkën saderek inja, malah diangkat bupati, gélaran Adipati, dileler nagara mahmur, kongas nagri Awangga, djënëngan eta bupati, geus kontjara mashur Adipati Karna.

Sapertos djeung Baladewa, tunggal mértua djeung Gusti, djalaran geureuha Karna, raji tégës prameswari, kotjap deui nu tjalik, gedengeun Karna beh pungkur, raji-lambut Sang Radja, parantos dileler nagri, sok katélah Tuménggung Sindukalangan.

Djeung osok oge katélah, nja Aria Banakéling, djeung Kalana Djajadrata, gedengeun ieu nu tjalik, nja eta raji Gusti. Dursasana nu kamas-hur, gélarna teh Aria, di Tjindepura nagari, Bandjardjumut wasta dajauh nagarana.

Nu tjalik pajuneun radja, Aria Patih Sakuni, pernah paman ti ibuna, péngkèreun ieu nu tjalik, putra Sang Maha Rësi, nami Aswatama mashur, ngarendeng tur satata, djeung raji parameswari, kakasihna Sang Pangeran Burisrawa.

Péngkèreun anu tiluan, Kurawa saderek Gusti, salapan puluh salapan, namina hamo diwintjik, djalaran seueur teuing, djeung karaos

kirang përlu, kotjap nu magëlaran, Sang Sujudana Narpati, lami pisan mindël bae teu ngandika.

Katawis nandang sungkawa, ewëd sugri nu lalinggih, kësël ngantosan dawuhan, lami-lami Maha Rësi, njaur kalajan aris: „Nun Gusti agung bëbëndu, sëmbah laksa duduka, mugi hënteu rëngat galih, reh pun paman tjumonggah wantun undjukan.

Wireh bentën ti biasa, nu ngadeuheusan geus lami, ku Gusti teu dipariksa, lir nudju prihatos galih, dupi sadaja abdi, purwa di dieu ngariung, sëdja ngëmban timbalan, samukawis dawuh Gusti, moal aja anu baris wantun mungpang.”

Sang Radja alon ngandika: „Lërës pisan Paman Rësi, kaula keur sëdih pisan, bari seuseuitan ati, ari ras ka bihari, ingët ka djaman kapungkur, djaman pada djadjaka, kaula harita geuning, ngadu rosa silih gada reudjeung Bima. ¹⁾

Kula harita teu tahan, ku Bima digëbug tarik, ngadjengdjehe rek ticijëngkang, disurakan ku

¹⁾ Aos „Mahabharata”, lëbah „Pandawa Djadjaka”, wëdalan Balai Pustaka.

sanagri, bangĕt wirang djeung isin, ku nu mo-
jokan ngaguruh, ngahampas djeung mapanas,
ana malĕs teh sakali, heug ditakis mani ngam-
bul gada kula.

Nu njurakan beuki rosa, ngagĕro patarik-
tarik, lir lain ka putra radja, estuning liwat ti
misti, kaula bati sĕdih, asana saumur hirup,
moal aja pohona, panas peurih moal leungit,
lamun ingĕt hate bangĕt garetekna.

Arek idjen teu untupan, rek djail inggis ka-
tjiri, goreng tĕmĕn harkat radja, upama katotol
dĕngki, tjing tjobi paman rĕsi, kumaha akaĕna
atuh, hajang njirnakeun Bima, ku djalan nu rikip
dĕmit, sina maot ambeh gĕnah pikir kula."

Njeuleukeuteuk Kombajana, njaurna takabur
djeung dir, malar bingahna Sang Radja, saurna:
„Lah Gusti gampang, ulah dianggo runtik, ukur
pĕrkawis sakitu, dupi pangintĕn paman, aja anu
langkung „rumpil“, boro ewĕd sieun paman
kapetolan.

Sadaja sami uninga, teu aja nu samar deui,
jen Bima murid pun paman, anu ngesto tur
gumati, ka guru tuhu taklid, sugri kasauran guru,

diturut sahinasna. Ihamo dipungpang ditampik, teu ngemutkeun kana lërës djeung lëpatna.

Ēta mah kuma pun paman, ngalëdjokeunana gampang, bade disina neangan, naon bae nu teu bukti, anu di kolong langit, taja djirimna ngawujud, geus tangtos pisan Bima, moal mulang mun tjan manggih, wantu Bima sagala sok satuhuna."

Sujudana bingah manah, ngadangu piundjuk rësi, kitu deui nu sanesna, mudji jen Dorna binangkit, pandita lëpus watjis, putus sakur pangawëruh, tara seepeun akal, tërbuka nu muskil-muskil, teu përtjumlah dipisëpuh ku sadaja.

Kinanti

Urang gëntos nu ditjatur, kotjapkeun sahidji nagri, katëlah nagri Amarta, ratuna Sang Sëmiadji, atanapi Judistira, sarëng sok nëlah Darmadji.

Sarëng sok sëring disëbut, Darmaputra ratu adil, djeung nëlah Darmakusumah, sarëng Kontea panglandi, Pandusunu Panduputra, kitu djënëngan Sang Adji.

Kamashur ratu linuhung, pinandita sadu budi, sabar adil palamarta, tara tjidra tara dĕngki, tara djail kaniaja, bohong bĕndu ge dipahing.

Lungguh timpuh alon ampuh, titih rintih jatna lirik, tara gĕtapan rendjagan, harita Prabu Darmadji, eukeur nudju ririungan, di pamĕngkang sami linggih.

Sarĕng saderek ngariung, anu di gedengeun tjalik; ingkang raji nami Bima, satria gagah barani, djangkung agĕng salirana, bĕdasna kaliwat saking.

Pantĕs keur pamanggul pupuh, pasĕmon djiga nu bĕngis, aja rindat barangasan, padahal manahna bĕrsih, tara serong djeung karinah, tuhu djudjur bĕnĕr adil.

Tjadu ekol djeung salingkuh, estu bruk-brak teu aringgis, saniskara sahinasna, tara dipandang-dipinding, mun aja kaluluputan, wani ngaku tara mungkir.

Moal ĕmbung nandang hukum, upama salahna sidik, sabalikna ka nu lian, ngahukum teu inggis-inggis, upama njata salahna, sanadjan anak pribadi.

Purah tujuk ka nu estu, pagueuh ka anu sadjati, ngabelaan bebeneran, nadjan kudu pegat pati, teu mundur satundjang beas, asal ngalukukeun adil.

Tjarek udjaring pitjatur, upami ngadamel misil, Bima teh ibarat pudak, nja eta djaksi nu sari, kembang gede ngandung ganda, di luar di djero seungit.

Tegesna badan sakudjur, satanding reudjeung rohani, bedas djasad bedas sukma, daja badan daja pikir, komara luar djeron, dipiserab lahir batin.

Aja nu beda ti batur, adat Bima nu maranti, nja eta mun sasauran. sok tara dianggit-anggit, utjapna kasar garihal, tapi lain dumeh djail.

Nadjan ka Dewa ka ratu, ka deungeun ka kulawargi, malah ka Kunti ibuna, utjapna tara dipilih, estu basa sawadjarna, tapi da manah mah bersih.

Ku sadaja geus dima'lum, teu aja anu njungkelit, mun sasauran djeung Bima, apal ka bakatna tadi, kasar soteh lain ngewa, lain ambek lain idjid.

Djeung ku kersaning Jang Agung, Bima dipaparin leuwih, ti djalma anu biasa, ngagaduhan kuku matih, disébutna pantjanaka, lantjip batan tjongo kérés.

Ngéluk tjara kuku maung, matih leuwih ti wérédjit, teuas batan tjula badak, beureum lir wuwungan gétih, musuh nu wani ngajonan, didjotos mo mēnjat deui.

Rangképan wasta katjatur, Bratasena nu kahidji, radjeun disinggétkeun Sena, Bajuatmadja panglandi, Marutsuta Bajuninda, djeung Panduatmadja deui.

Djeung radjeun oge disébut, Raden Arja Djudipati, saréng Ganda-Wastratmadja, Sumadilaga panglandi, sarta Kusumadilaga, saréng aja hidji deui.

Pawanasuta kamashur, djeung Wérkudara wawangi, Satria Munggul-Pawēnang, djabi eta seueur deui, mun disébut sadajana, bisi matak pandjang teuing.

Aja deui nu katjatur, raji Bima nu sajakti, djénenganana Ardjuna, satria lénggik djalantir,

lutju lëndjang ngalangkojang, kasepna kawanti-wanti.

Hese njiar pantar kitu, pamudjian djalér-istri, sēsah njarioskeunana, nu kasep kaliwat saking, sugri istri anu ningal, samar kiat nandang brangti.

Nanging nadjan kasep pundjul, teu kumaki ieu aing, pëngkuh mageuhan susila ¹⁾, teu sagawajah ka istri, komo dugi ka rutjah mah, pohara pisan dipahing.

Isin ku nu Maha Agung, sawangsulna mungguh istri, anu ningali Ardjuna, rea nu ngadjoli majit, panasaran mun „teu beunang”, sieun paeh djadi siit.

Masrahkeun badan sakudjur, raga sinarëngan pati, mung nu kasep teu kerëman, hënteu dapon bae istri, lamun sanes putra radja, atanapi putra rësi.

Tur lagas taja nu gaduh, boh tunangan boh salaki, djeung sapuk ibu ramana, nëmbe kërësaeun ngawin, djadi sanes djalan rutjah, ieu mah sah tur bërësih.

¹⁾ Kapëngkuhan Ardjuna, aos „Minteraga”, wëdalan B. P.

Duaan mung misah ibu, putra Pandu nu ti Madrim, duanana kĕmbar masang, namina teh raka-raji, Nakula sarĕng Sadewa, djeung Pinten Tangsen panglandi.

Dewi Kunti oge kumpul, biasa tjara sasari, katjarios Wĕrkudara, undjukan ka ibu Kunti, jen palaj nĕpangan Dorna, sarehing parantos lami.

Teu bakti-bakti ka guru, bok bilih djadi pamali, ku ibuna kawidian, nja kitu ku Sĕmiadji, geus pamit Bima djung angkat, nĕpangan Sang Dorna Rĕsi.

Dangdanggula

Bingah manah bangĕt raos galih, kawidian ku ibu ku raka, Bima teh harita keneh, ka luar ti kadatun, ladjĕng tĕras angkat ngagidig, ngabudjĕng Sokalima, padepokan wiku, katjatur bae dongkapna, nu kasondong mung wungkul bibi Kĕrpini, garwa pandita Dorna.

Ti Kĕrpini Bima kenging warti, jen Bagawan aja di Astina, prajogi dibudjĕng bae, Bima ge ladjĕng tuluj, ka Astina ngabudjĕng gasik, kĕbat

Djadi mun aja nu njebut, magar Ardjuna tji-limit, rajungan djeung „kabitaan”, tetela nu ngomong tadi, teu tĕrang nu sabĕnĕrna, kana lalakon sadjati.

Djabi ti kasepna pundjul, mandraguna pilih tanding, kongas santika digdjaja, leber wawannen tur sakti, pinundjul ing danalaga, mun tandang arang nu mahi.

Lungguh lutju ampuh timpuh, sarwa rintih tur nastiti, ajĕm rineh teu rendjagan, pĕrwatĕk nu „hade eusi”, luhur elmu djĕmbar luang, kakasih Nu Maha Asih.

Djĕnĕnganana katjatur, Ardjuna anu kahidji, djeung seueur rangkĕpanana ¹⁾, di dieu hamo digurit, tingali bae di handap, ditataan hidji-hidji.

Eta narpatmadja tilu, tĕgĕs saderek pituin, margi saibu-sarama, rama Pandu ibu Kunti, djabi eta nu tiluan, saderekna aja deui.

1) Ardjuna = Djanaka, Danandjaja, Pamadi, Palguna, Parta, Margana, Mintaraga, Kiriti, Kumbalwali, Tjiptaning, Indratanaja, Kuntisuta, Pandusuta, Djanawi, Kuntadi, Surjalaga, Satria Madukara, pangkatna : Pangeran Dipati.

nu ditjarita, ka karaton tjunduk, sarta kabënëran pisan. Kangdjëng Radja nudju magëlaran linggih, karëmpël sadajana.

Wantu Bima kaetang maranti, larbus lëbët teu nganggo ngibëran, dumeh sasatna saderek, përnah misan ti Pandu ¹⁾, harita ge lumëbët mandjing, bingah sugri nu ningal, Sujudana njaur: „Leuh haturan jaji Bima, kalërësan jaji teh ajeuna sumping, puguh nudju diupat.

Pandjangna mah ëngke paman Rësi, nu ka jaji geus tangtos popojan, ari kakang mah ku sono, kumaha dupi ibu, naha damang djeung para wargi, hënteu aja kakirang?” Bima pok ngawangsul: „Aja hibar djiad kakang, sabalikna kakang reudjeung para wargi, tjalägeur sarerea?”

Sang Sri Nata Prabu Kurupati, di luar mah puguh teu katara, jen ka Bima neundeun hate, njaurna leuleuj lëmu, padahal mah lëbëting galih, hënteu kintën tjuana, tjindëkna mah palsu, hënteu pandjang ditjarita, anu silih bageakeun teu digurit, kotjap Pandita Dorna.

¹⁾ Pandjangna djudjutan, aos „Luluhur Pandawa” sarëng „Pandawa Djadjaka” dina „Mahabarata”.

Ka tatamu alon njaur rintih : „Paman sukur katjida bungahna, ajeuna diparëng djongok, sababna mah nu estu, sakumaha lahiran Gusti, eukeur nudju diupat, ajeuna bët djëbul, ari hal ngupat tea mah, sanes mojok ngomongkeun nu lain-lain, tapi nu saënjana.

Tjek paman teh ku hajang papanggih, djeung nu gagah Arja Bratasena, ari margina sajaktos, nudju aja kabutuh, paman tërang kalajan sidik, sanes bedja tjarita, jen di hidji gunung, nu nëlah gunung Dorangga, aja tjai anu aneh liwat saking, ngaran tjai Pawitra.

Tjek itungan paman nu sajakti, anu baris pimanggiheunana, moal aja djalma sedjen, djaba ti putra Pandu, nami Bima nu gagah sakti, geus kërsa Nu Kawasa, anu baris nimu, lantaran memang adjangna, geus dipasti Bima nu baris ngamilik, nginum tjai Pawitra.

Watëk tjai sampurnaning pati, mawat sutji ngalubarkeun dosa, djadi kakasih Jang Manon, djaja saumur hirup, anggang susah tëbih balai, djadi kumargi eta, paman teh nunuhun, tjai tea mugu tjandak, ti Dorangga sarta dileueut sakali, dipambrih përbawana.”

Bima njaur ka Sang Maha Rēsi: „Omong paman kula ngarti pisan, hate kula bangēt atoh, aja pituduh guru, ajeuna ge kula rek indit, nēda pangdjiad paman, djeung kabeh nu kumpul, hajang salamēt di djalan, sarta tjai muga-muga sing kapanggih, rek diinum ku kula.”

Wērkudara nu bērēsih galih, estu taklid ngandēl ka guruna, teu ngintēn jen dibobodo, dilēdjokeun ditipu, rikip dēmit diarah pati, margi mungguhing Bima, kana laku kitu, bangsa bohong palatjidra, dibaidkeun ngimpi ge diangir mandi, tjek wiwilanganana.

Pangintēnna batur ge geus pasti, bērsih manah sapertos andjeunna, harkat pandita mah komo, djadi ku margi kitu, taja geusan tjangtjaja pikir, malah bingah nu aja, ku pituduh guru, angkatna ge rurusuhan, dumeh palaj enggal ka Dorangga dugi, kenging tjai Pawitra.

Geus ka luar ti watēs nagari, mandjing alas Bima leuleuweungan, lampahna kadalon-dalon, lir sanes putra ratu, mipir lamping malipir gawir, mapaj bubulak lēga, turun unggah gunung, kahudjanaan kapanasan, tuang leueut naon bae nu kapanggih, buah djeung buron alas.

Kasangsara teu pisan digalih, panggalihna etang-etang tapa, wajahna nadjan repot ge, dumeh tuhu ka guru, guru tea sinĕmbah wadjib, anu kĕdah dihormat, digugu ditiru, kitu ge nu saĕnjana, lain guru nu dapon ngatik ngawirid. lain ngan purah ngadjar.

Kudu guru nu sipatna rĕsi, pinandita nga-geungkeun kamuljan, hade di luar di djĕro, tĕgĕsna sipat luhur, ka murid teh teu nganggap murid, tapi tjara ka anak, djeung dina ngawuruk, kudu dibarĕngan darma, boga rasa kadjurung ku gawe wadjib, ngeunteupkeun kapintĕran.

Hate murid dipĕlakan binih, binih mulja djalaning utama, supaja murid teh mangke, ulah djadi teu puguh, djadi djalma nu tanpa hasil, kudu djadi gunawan, dina hirup kumbuh, mangpaat ka pada djalma, ngamadjukeun hardjaning bangsa djeung nagri, hĕnteu djadi mamala.

Tjara eta Arja Djudipati, djadi djalma satria utama, ka guru panteg nja ngesto, tina bangĕt sumudjud, hĕnteu nolih geus angkat tĕbih, ngabudjĕng ka Dorangga, mung awahing rusuh, lali teu dipapaj heula, disidikkeun ka Dorna ĕnggonna tjai, aja di lĕbah mana.

Kantun ewéd salébëting galih, djeung teu tĕrang kumaha rupana, eta tjai Pawitra teh, naha bangsa tjinjusu, ngaburial ti taneuh bidjil, atawa tjikaratjak, sĕla-sĕla batu, nu majĕng njaktjakkan tea, naha tjai njangkrung dina lĕgok leutik, naha tjai talaga.

Ku handjakal tadi rusuh teuing, teu tataros sing atra tetela, ajeuna anu karaos, kantun ewéd tur bingung, ari mulih teu wĕrat isin, disĕbat humajua, nu ngupat geus tangtu, para Kurawa sadaja, tingkutjiwĕs tingtaroel tingdjarĕbi, njeungseurikeun di tukang.

Bratasena tĕngah leuweung rumpil, hĕnteu tĕras kĕbat lumampahna, sapĕrkawis dumeh kagok, ku areuj reudjeung tjutjuk, kitu deui kaka-jon tjanir, anu mĕgatan djalan, rĕmbĕt hese madju, padjeudjeut nĕpi ka nganjam, heug taneuhna bareueus tjalombrek tiis, djeung akar ngahalangan.

Tambah-tambah estu matak miris, ari aja sora sato galak, gadjahna pating darĕngĕk, maung pating galaur, sarta bagong pating garuik, malah sok raradjeunan, aja meong tutul, ngagorobas

di nu bala, ngagërëman matak kokoplokan birit, asa gabrug ti tukang.

Lamun lain Arja Djudipati, tangtu pugag moal tërüs lunta, boa kalëngër ngagoler, di leuweung luwang-liwung, taja batur estu nunggëlis, hadena ninggang Bima, anu tjadu mundur, tëras bae saba alas, lila-lila Bima teh teu burung nëpi, ka tëgal Andadawa.

Magatru

Sigëg Bima urang malikan kapungkur, Sang Sujudana Narpati, saparantos Bima kondur, pok ngadawuh ka Sang Rësi, gëntrana leuleuj tur alon:

„Paman Dorna tah ajeuna mah geus puguh, Bima teh daekeun indit, neangan tjai ka gunung, kumaha lamun seug manggih, tjai Pawitra nu sohor.

Atuh urang meureun katurug katutuh, djaba Bima balik deui, balikna teh djadi wëduk, mun ngamuk ngaburak-barik, meureun urang kabeh repot.”

Dorna njaur gumudjeng suka kalangkung :
 ..Gusti ulah sémang galih, ngamanahan pasal
 kitu, hēnteu kēdah hamham deui, paman moal
 ngabobodo.

Ieu paman aki-aki dawuk-rawun, sageuj nga-
 bohong ka Gusti, njidra ka nu djadi ratu, teu
 kēdah tjangtjaja deui, Bima teh geus tangtos
 maot.

Sarta tjai Pawitra hamo katimu, margi bangsa
 nu teu bukti, aja ngaran tumbuh wudjud, ngu-
 bēk dunja moal manggih, sanadjan dugi ka
 maot.

Dupi Bima milarina teh geus tangtu, moal
 liren mun tjan manggih, pērbawa watēkna tu-
 kuh, malah moal kērsa mulih, tinangtos kadalon-
 dalon.

Bakat Bima ngestu kana saur guru. djeung
 tangtos ngaraos isin, saupami lengoh wangsul,
 ti batan mulang mubadir, tangtos anggur suka
 maot.

Sarta djabi ti eta bade miundjuk, Bima teh
 anu sajakti, sasatna narohkeun umur, margi
 di Dorangga-giri, tjarek saungēling wartos.

Aja dua buta aragěng kalangkung, tingdjung-kiring tanding pasir, galakna langkung ti maung, bedasna kawanti-wanti, nadjan gunung ge digotong.

Lamun aja djalma ngulamprěng ka ditu, heug ku buta teh kapanggih, ulah rek ngaharěp hirup, geus pasti ngadjadi majit, sirahna tangtos di-kokos.

Bima oge geus tangtos moal teu kitu, ka buta teh moal mahi, komo ieu mah dihurup, tangtos adjur busak-basik, dirěweg ku buta rěwog."

Sujudana ngadangu pihatur wiku, bingahna kawanti-wanti, mesěm ngagěljenju imut, asa taja geusan miris, manahna teh bangět longsong.

Katjarios Sang Baladewa Pěrebu, dina salě-běting galih, ka Sang Radja hěnteu sapuk, mě-takeun djail doroi, manahna sieun kaběndon.

Margi sasat ngiring kana laku palsu, djabi ti kitu teh deui, numutkeun kěrětěg kalbu, buruk-buruk papan djati. ka Bima bangět hawatos.

Dumeh wargi landěs tunggal sakaruhun, němbe misan tatjan těbih, putu Kuntibodja Prabhu, upami didjudjut sidik, kieu djudjutan tjarios:

Kuntibodja putraan pamëgët tilu, sarëng hidji deui istri, Basudewa anu sëpuh, ka Arjaprabu nja ngadi, djeung ka Ugrasena noron.

Tëras ngadi ka Kunti istri nu bungsu, ari eta Dewi Kunti, ti heula ge geus ditjatur, ibu Bima nu sajakti, Basudewa katjarios.

Putrana teh Baladewa anu sëpuh, Krësna anu kaping kalih, Subadra anu katilu, djadi Baladewa Adji, ka Bima misan sajaktos.

Nadjan hënteu sapuk ka lahiran ratu, Baladewa mindël galih, ewëd bilih radja bëndu, bati ngagërëmët sëdih, sësah bade pok njarios.

Saparantos ngadangu saur Sang Wiku, jen maksadna ngarah pati, Baladewa ladjëng njaur, nanging ku sindir malibir, bilih ngarendjag Sang Katong:

„Paman Dorna lërës pisan eta saur, jen Bima pasti lastari, moal balik hirup-hirup, ku panglë-djokeun nu këtjing, di gunung Dorangga maot.

Ari kuring sanadjan Bima geus „lapur”, wëleh tatjan tibra pikir, sabab Bima boga dulur. Ardjuna djeung Sëmiadji, tur lain djalma bo-lostrong.

Keur lantip teh kawëntar digdjaja pundjul, upama seug meunang warti, jen Bima ku polah wiku, ditipu diarah pati, moal teu njieun rě-rěmpon.

Moal salah Ardjuna ngadjorag ngamuk, djaba Ardjuna pribadi, rea baturna nu biluk, naha urang bakal mahi, tjobi manahan sing paos."

Putjung

Dorna ewuh atuh rada pungak-pinguk, teu bisa ngadjawab, malah katjiri ngadegdeg, keur tadi mah teu kaemut ka dinjana.

Adipati Karna ka pajun pok njaur: „Kakang Baladewa, eta emutan kakang teh, djiga sanes emutan pradjurit gagah.

Ongkoh kakang geus kamashur ratu pamuk, Nalendra Mandura, kongas jen dēdēngkot kahot, prangwadana senapati ing ngalaga.

Sasauran naha bět sapertos nguntjung, gigis ku Ardjuna, naha Ardjuna teh aneh, mana kakang pohara teuing sieunna.

Bilih kakang ewuh nu ngajonan pupuh, kang éntong tandang, sawios ku raji bae, mangga tanggap nakër tanaga Ardjuna."

Dorna emprak ngadangu saur sakitu, barina ka tĕngah, Baladewa diwĕwĕleh, sarta mudji wawanen Dipati Karna.

Djajadrata djeung Dursasana pon kitu, katut Aswatama, hajang katembong wawanen, sadajana ngiringan tjotjog ka Karna.

Babakuna hajang kapudji ku ratu, ngarah dipiĕnja, malar bingahna Pupunden, narem-bongkeun barisna „kumawula”.

Geus biasa djalma nu laleutik putjus, sok hengker djiwana, pamadĕgan luak-leok, hĕnteu pangĕr boga tangtungan sorangan.

Kabisana ngabuntut milu ka batur, nu „tarik haokna”, tah eta anu didenge, salah-bĕnĕr eta mah teu djadi soal.

Tjondongna teh biasana ka nu nandjung, mana nu keur djaja, tah ka dinja bilukna teh, paribasa „karooH ku kuah beukah”.

Mun diparĕng deukeut ka „anu di luhur”, osok loba tingkah, sok reueus hajang katembong, jen manehna djĕlĕma boga kawasa.

Tampolana sok tuluj djadi angguklung, leuwih ti dunungan, ka nu handap noker nodjer, ka nu luhur lutak-letak djulat-djilat.

Kabisana djalma hengker-djiwa kitu, sok teu sabaraha, malah sakapeung mah kosong, djiga soteh ngeusi da kandĕl tjangkangna.

Tjara eta siga nu bela ka ratu, ngarudjukan Dorna, ukur mihapekeun maneh, ĕnjana mah sieun rungkad kalungguhan.

Sujudana ngadangu anu tjatjatur, mangmeunangkeun Karna, hĕnteu kintĕn bingahna teh, reugreug manah asa seueur anu bela.

Baladewa ka Pandita rada sĕru: „leuh paman Dorna, ulah waka ngawĕwĕleh, djeung teu kudu waka udjub mudji Karna.

Abong-abong biwir teh hĕnteu diwĕngku, letah teu tulangan, ngomong sadaekna bae, teu dipikir djiga naon malindĕsna.

Tjoba itung sabaraha kali unggul, ti putra Pandawa, nu ěnja mah tukang eleh, paribasa kalah ka omong teh ěnja.

Djaba kitu paman Rěsi mangka emut, jen harkat pandita, lamun make linjok bohong, tangtu surud harkat kaluhunganana.

Komo ieu ditambahan djail hasud, djahat tur hianat, bělang bajah děngki goroh, njilakakeun djělěma nu tanpa dosa.

Ari itu puguh pěrtjaja da guru, djalma hade sangka, jen guru sipatna hade, tapi guru ngaruksak kapěrtjajaan.

Murid taklid tuhu pěrtjaja ka guru, lain diha-dean, bět kalah dibawa serong, diparabkeun ka buta gunung Dorangga.

Ieuh paman sageuj mun paman teu maphum, da apan pandita, jen mungguhing djalma goreng, teu utama mun djail ka pada djalma.

Lampah urang awal ahir teh geus tangtu, aja wawalěsna, mun goreng dibalěs goreng, gawe mulja wawalěsna oge mulja.

Lamun urang di dunja hěnteu kahukum, tapi di aherat, tina siksa moal lesot, unggal dosa sadia siksaanana.

Djeung upama urang bebas tina hukum, dumeh eukeur djaja, boa anak-intju ěngke, nu diparěng kahukum ku dosa urang.

Naha paman teu wělas ka anak-intju, anu kagiliran, nampa hukuman Jang Manon, hakekatna sasat dihukum ku paman.

Lamun Bima kudu njorag putut umur, lantaran ku paman, didjailan dibobodo, awal ahir paman nampa wawalěsna.

Moal boa maot dibobodo batur ¹⁾, minangka pamajar, hutang pati ngabobodo, ulah mungpang paman teh kudu narima''.

Baladewa sirikna teu nundjuk-nundjuk, ka pandita Dorna, Rěsi bangět lingsěmna teh, kuram-kireum maksadna malikkeun kětjap.

Dasar wiku kamashur tjapetang saur, hěnteu kapetolan, malikkeun teh gampil bae, malah bari istori ngan teu garihal.

¹⁾ Pupusna Dorna kaungěi dina Barata Juda II. („Mahabarata”).

„Lërës pisan dawuh Sang Mandura Prabu, diemut saliwat, paman teh tetela goreng, djalma djahat hianat bohong basilat.

Njilakakeun Bima hënteu puguh-puguh, nanging tjobi manah, sing lantip kalajan sareh, ulah bari bëndu sarta awon sangka.

Ari paman nadjan lërës harkat wiku, kitu ge badega, kumawula ka Sang Katong, raga njawa Sang Radja anu kagungan.

Badega teh kawadjibanana kudu, ngabëbërah manah, ka dunungan njombo-njombo, kumawula tumut kana pangërsana.

Sakapalaj dunungan misti diturut, hënteu keinging mungpang, këdah bae lakon-gawe, dapon hasil kuma bae akalna mah.

Djaba eta urang ka nu djadi ratu, wadjibna bumela, sanadjan bakti njawa ge, pantës bae rajat bela ka radjana.

Mangka emut urang teh di mana dumuk, ongkoh di Astina, mangkaning eta Bima teh, sadajana tërang jen musuh Astina.

Sadudulur karĕpna mah rek ngarĕbut, ngadjabĕl Astina, naha urang tjitjing bae, bade ngantĕp nagara dilindih Bima ?

Na iraha urang rek bela ka ratu, katut ka nagara, lamun lain ajeuna teh, anu mawi paman teh saakal-akal.

Sare'atna gawe kĕtjing laku palsu, nanging hakekatna, bela pati ka Sang Katong, djeung ka rajat kitu deui ka nagara."

Sujudana ngadangu piundiuk wiku, duqi ka ngalĕnggak, tina ku bawaning raos, bangĕt sapuk dumeh nempas Baladewa.

Asmarandana

Dursasana djeung Sakuni, Karna sarĕng Djajadrata, ka Dorna sadaja tĕotjog, rĕmpag kana panempasna, ngahualkeun Mandura, nu katempas hĕnteu ewuh, njeh imut ngandung panjĕla.

Mesĕm dibarĕngan sindir, tawis kandĕl kajakinan, hĕnteu lendjong ku ditadjong, hĕnteu laas ku ditempat, malah mah tambah kĕras,

neuteup mēntjrong ka Sang Wiku, bari sasauran tatag :

„Kasauran Maha Rēsi, djiga pisan anu ěnja, tuhu sudjud ka Sang Katong, djiga bela ka nagara, asa nu pangnjaahna, njaah aing hēnteu batur, padahal ngan wungkul djilat.

Ngarah diasih ku gusti, hajang kapake ngawula, dibelaan linjok serong, ngadēdētkeun anu lian, asal andjeun kamanah, teu paduli batur ripuh, dapon pribadi nu sēnang.

Eta lain adat rēsi, teu mantra-mantra pandita, djeung anu magar njaah teh, ka radja katut ka rajat, ari saēnjana mah, ngan ukur ngagajuh musuh, njeun bibit huru-hara.

Nadjan leungit Bima hidji, da opat deui durlurna, djaba baraja nu sedjen, ti Pantjala ti Wirata, komo ti Meralaja, djaba eta masih mērul, nu bakal bela ka Bima.

Mun geus kitu paman Rēsi, tjing tjobi bade kumaha, batan beres kalah rotjet, ngandar-ngait patjengkadan, pandjang panjerewedan, tur ieu teh anu puguh, pērbawa ilat nu djilat.

Kadjurung ku hate kětjing, teu wani patu-
tunggalan, teu untupan tarung idjen, nu kětjing
pek diangsonan, ku nu kurang djeudjeuhan,
moal teu gudjrud pakutjrut, geura pek éngke
buktina.

Jaji Kurupati Adji, lërës oge jaji radja, na-
nging masih keneh anom, kirang luang djeung
pamëndak, djadi ku margi eta, bongan kakang
langkung sèpuh, meudjeuhna nadjan miwédjang.

Tjatjadna hidji narpati, upama daek guguan,
kana tjarios nu raos, dapon sèngang kana manah,
eta nu dipèrtjaja, padahal saur nu „lutju”, tara
lërës sadajana.

Dapon raos kana galih, teu rëmpag ge ngiring
rëmpag, awon ge disèbat sae, atanapi sawang-
sulna, lërës disèbat lèpat, asal sèngang bae ratu,
teu digalih mamalana.

Jen piundjukna nu tadi, sasat ngabobodo ra-
dja, mipindingan anu jaktos, nu mistina ka-
uninga, ieu mah disimbutan, dumeuh sieun ratu
bèndu, djadi tjatjad ka salira.

Tjiri jen taja kawani, kětjing pikeun tanggung djawab, mambrih ngeungeunahna bae, hēnteu wani katēmpuhan, lēbah nu teu ngeunahna, tah pihatur pantar kitu, sasatna ratjun nagara.

Nagri moal djadi rasmi, nagara teu matak kërta, mun rea pihatur bohong, djeung eta anu haturan, ari nu biasa mah, ukur pangarahan wungkul, dipambrih sēnang dirina.

Biasana bari ngidjir, ngabelaan kapēntingan, sadirieunana bae, atawa sapara kantja, kadjeun batur teu ngeunah, asal manehna nu untung, atawa tētēp sēnangna.

Sawangsulna aja deui, djalma poksang tjēplak pahang, mun awon disēbat awon, nu lēpat balaka lēpat, teu sieun dibēnduan, njēkēl djēdjēr anu djudjur, utjap tjtjtjog djeung buktina.

Tampolana landēp lantjip, sareukeut utjap-utjapna, nanging bari bruh-breĥ waleh, njēmpad nu pantēs ditjēmpad, bari ngēdalkeun hodjah, tah eta djēlēma kitu, patjuan dipikangewa.

Biasana mungguh batin, bĕrĕsih taja pangarah, djeung pangna sok balaka teh, dina hatena mah njaah, ka rajat djeung nagara, malah tuhu-na ka ratu, sok leuwih batan nu djilat.

Ngan hĕnteu ebreh katjiri, da lain hajang katara, malah djiga nu bĕdĕgong, lamun dide-nge saliwat, djiga djalma bantahan, maduan ka nu di pajun, djiga mungpang papalingpang.

Padahal bawaning asih, hajang nembongkeun alpukah, ulah rek ditampi awon, karana mung-guhing radja, pĕrlu kabina-bina, nampi piundjuk nu lurus, nu lĕrĕs bruk-brak balaka.

Sapĕrtos ajeuna jaji, tina pasal Wĕrkudara, ka-kang bangĕt hĕnteu tjotjog, malah ari sajaktosna, ngemutkeun tunggal kadang, hate kakang hĕn-teu kolu, mun Bima kenging tjilaka.

Buruk-buruk papan djati, djadi tina margi eta, kakang ajeuna pĕrmios, teu bade ngiring barĕmpag, tina hal kaawonan, kuriak ĕngke disĕbut, djalma tega ka baraja."

Sang Baladewa teu lami, mĕdal ti made man-dala, nu ditilar sami bĕngong, hareugeueun sa-

dajana, taja nu sasauran, lir kasima ku nu bĕndu, sarta adjrih ku Sang Radja.

Ku Sujudana kagalih, kasauran ingkang raka, manah radja luak-leok, malah rada reren-djagan, wĕkasan pok ngandika, ngabubarkeun nu ngariung, diladjĕngkeun ge pĕrtjumah.

Pangkur

Sigeug pasamoan bubar, urang kotjap Maha Guru Pramesti, andjeunna teh nudju bĕndu, ka Baju sarĕng Indra, dupi anu ngadjadikeun marga bĕndu, kieu asal-usulna mah, teu pira pĕrkawis alit.

Batara Baju djeung Indra, hidji mangsa barĕmpag hal pĕrkawis, sasauran uplĕk husu, tina bawaning pana, teu ningali jen kasumpingan Sang Guru, disarĕngan Dewi Uma, tonggoj bae baradami.

Malah Baju sarĕng Indra, hĕnteu lungsur tina tĕmpatna linggih, atuh Sang Batara Guru, hĕnteu kintĕn bĕnduna, sarta ladjĕng Batara Indra djeung Baju, diragragan ku supata, djadi buta salin djinis.

Sang Indra djadi Rukmuka, Baju oge sami djadi rasėksi, Rukmakala gėde djangkung, es-tuning matak gila, ngaringkiwik tanding barong njėngklik sihung, gigis sakur anu ningal, para Dewa tingbalėtjir.

Indra Baju totobatan, nanging keukeuh kėrsaning Hyang Pramesti, dua Dewa tēh kasiku, tur geus pasti lilana, dua wėlas taun nandangan bėbėndu, ari lubarna supata, upama ěngke papanggih.

Djeung Pandawa nu kadua, sarta kudu ngalaman pėrang tanding, enggalna anu ditjatur, Rukmuka-Rukmakala, ti sawarga ka martjapada ditundung, duaan kalunta-lunta, teu puguh anu disungsi.

Andjog ka gunung Dorangga, nja di dinja dua buta teh ngantjik, milang bulan ngitung taun, geus nintjak dua wėlas, hidji mangsa tarurun ti puntjak gunung, njorang tėgal Andadawa, anu lėga liwat saking.

Tjelak-tjelak nendjo djalma, djauh keneh atjan pati katjiri, ngan sidik ka dieu madju, banguun tjapeun pisan, rundag-randėg leumpang-

na djiga geus ripuh, ari eta djalma tea, Bima keur milaré tjai.

Ngëmban timbalan Sang Dorna, katjarios geus tjakët ka rasëksi, Bima kagetna kalangkung, ningali dua buta, sarta ladjëng taki-taki bilih nubruk, nadjan bangët nahnaj palaj, moal bade mundur deui.

Rukmuka bëngis ngomongna : „Eh manusa maneh teh kumawani, ngalanto ka ieu gunung, naon nu diteangan, saha ngaran djeung di mana lëmbur matuh, maneh ku kami dihakan, geusan tamba peurih peudjit.”

Bima lali di kapalaj, timbul bëndu dumugi ka ngagidir, madjëng njakëtan ka diu, njaur bari iatna: „Sia buta ngomong suaban takabur, naha aing teh ku sia, disangka jen moal wani?

Silaing teh saha ngaran, kitu deui eta batur silaing, ulah paeh teu pupuguh, teu kanjahoan ngaran.” Pok ngawalon Rukmuka barina madyu : „Ngaran aing teh Rukmuka, ari ieu hidji deui.

Ngaranna teh Rukmakala, hajoh maneh djung geuwat balik deui, bisi ku kami ditëkuk.” Bima

běngis walonna : „Ieuh buta ngaran Bima tjadu mundur, kadjeun aing balik ngaran, batan kudu lumpat djitjir.”

Rukmuka tuluj tatandang, idjigimbrang bangun gēde kawani, ka Bima teh bangun nguntup, nja kitu Rukmakala, nanging Bima teu mundur satjongo rambut, sajadi bade ngalawan, geus tjaringtjing taki-taki.

Rukmuka djeung Rukmakala, duanana ngarontok bangun kēsit, Bima njingtjēt bari numbuk, Rukmuka blak tidjėngkang, Rukmakala bluk njuuh mani tisuusut, barang rek hudang disepak, bluk labuh tigugulitik.

Rukmuka gurindjal hudang, sarta gabrug ngarontok matak gigis, Bima geus katėkuk punduk, nanging rikat tangginas, ku mastaka ngabadug djeung bari njiku, atuh buta blak nangkarak, ngagėrung bawaning njėri.

Gabrug nubruk Rukmakala, bari nangkeup djeung ngegel bahu kiri, barang Bima bade njuduk, ku kuku pantjanaka, bėt Rukmuka nongtak ngadjeuwang ti pungkur, Bima geubis niban lėmah, tanaga mah bade sisip.

Ana heug teh ditindihan, ku Rukmuka bari kakaut tarik, nondjokan sarta ngadjënggut, pon kitu Rukmakala, Bima ripuh reh ku duaan dihurup, ladjëng ngëmpëlkeun tanaga, tãras ngagu-rindjal malik.

Dua buta teh tipëtjat, nu saurang mubuj ka djëro keusik, saurang deui ngudupung, tibeubeut kana tjadas, ladjëng Bima rikat ngarontok nu njusup, buta didjambak buukna, bari djeung rada dipuntir.

Bima rikat batan kilat, gëdjos njuduk ku pantjanaka matih, teu luput lëbah djadjantung, mungghah njëbrot gëtihna, hënteu mindo sakali ge buta rubuh, ngagaur anu sakarat, mungghah matak eundeur bumi.

Barang buta nu kadua, sidik nendjo baturna mandi gëtih, ka Bima teh gabrug nubruk, nu ditubruk tangginas, ngagiwarkeun bari djeung njuduk ku kuku, lëbah djadjantungna pisan, buta rubuh ngadjumpalik.

Harita keneh ge misan, Rukmakala djeung Rukmuka lastari, bangkena pating kudupung, Bima ngeureunan palaj, sarta ladjëng tjalik heula

dina batu, bari neuteup bangke buta, aneh pisan bēt lēs leungit.

Hēnteu kanjahoan losna, Bima kaget barina larak-lirik, bisi bangke tuluj hirup, ngabongohan ti tukang, sabot kitu di lēbah bangke ngudupung, bēt aja Dewa nembongan, sidik hēnteu samar deui.

Sinom

Rukmuka djadi Sang Indra, ari anu hidji deui, Baju awit Rukmakala, duanana salin djinis, geus dugi kana djangdji, lubar supata Sang Guru, kotjap Batara Indra, ka Bima alon ngalahir, gēntra leuleuj bari mesēm bangēt bingah :

„Eh Bima mangka waspada, ulah samar ulah pangling, ama teh Batara Indra, ari ieu hihji deui, bapa ¹⁾ hidēp sajakti, nu agung Batara Baju, ama bungah katjida, dumeh bisa salin djinis, tina buta balik deui sabaheula.

Ieu ama teh duaan, kasiku ku Sang Pramesti, asal Dewa djadi buta, djeung tjareking titis tulis, bisana pulih deui, nunggu dua wēlas tahun,

¹⁾ Aos: „Mahabarata” (Pandawa Djadjaka).

malah nja hiděp pisan, nu djadi lantaran pulih, ajeuna teh bukti jen hěnteu njalahan."

Batara Baju ngandika: "...He Bima hiděp anaking, hiděp mangka sing waspada, ama ajeuna wawarti, hiděp teh njata sidik, eukeur nandangan ditipu, dipěrdaja ku Dorna, dititah neangan tjai, tjek Dorna mah ngaranna tjai Pawitra.

Eta tjai saěnjana, ku hiděp moal kapanggih, ka tjape-tjape neangan, ajeuna mah měnding balik, undjukkeun ka Sang Rěsi, jen tjai wěleh teu timu, teu kudu diteangan, nadjan nguběk kolong langit, měnding djongdjong tjalik-tjalik di Amarta."

Saparantos sasauran, dua Dewa lės ngaleungit, marulih ka Suralaja, Bima heran liwat saking, olohok bėngong tjitjing, lami pisan hěnteu njaur, sapěrtos nu kasima, hěnteu usik hěnteu malik, barang emut gěrēm-gěrēm soantěna.

Andjeunna njaur njalira, nawiskeun handeu-eul galih, rehing hese tjape gaplah, mubadir teu aja hasil, kěrsana mulih deui, ti gunung Dorangga lungsur, ngabudjěng ka Astina, angkatna

mani ngagidig, dumeh palaj enggal gok tēpang djeung Dorna.

Urang sigēgkeun tjarita, gēntos deui nu digurit, kotjap Sang Radja Astina, Maha Prabu Kurupati, dina sahidji wantji, linggih di ponggawa mantri, keur barēmpag pērka^wis la-pong-gawa mantri, keur barēmpag pērka^wis la-lakon Bima.

Sarehing parantos lawas, hēnteu aja bae mulih, taja wartos-wartos atjan, dupi saur Dorna Rēsi, geus moal lēpat deui, Bima teh pupus di gunung, disasaak ku buta, tangtos moal mulih deui, hēnteu kēdah paos-paos dimanahan.

Nempas Prabu Baladewa, njēbutkeun jen teu mustahil, Bima mahieun ka buta, di gunung teu manggih pati, kalah buta nu sisip, teu mahi ka putra Pandu, malah teu pamohalan, mun Bima ajeuna sumping, mun seug sumping bade kumaha nja pēta.

Tatjan tamat Baladewa, sawala ka Dorna Rēsi, ana torodjol teh Bima, teu nganggo ngibēran deui, bus lēbēt ka sitinggil, nu ningal sami ngarandjug, tina bawaning reuwas, taja

nu ngintĕn saeutik, jĕn Bima teh mulih teu sakara-kara.

Dorna ngabudjĕng ka Bima, pura-pura bingah galih, njĕmukeun nu sono pisan, Sujudana kitu deui, estuning teu katawis, jĕn handeueul saka-langkung, dumeh Bima waluja, djeung mun dja-ilna katawis, moal boa Bima ngagĕmpur Kurawa.

Sang Wiku alon saurna : „Haturan bagea sumping, gara-gara pandjang juswa, keur diupat bĕt djol sumping, geus sono liwat saking, djeung bangĕt mĕlang kalangkung, bilih kumaha onam, sieun pinanggih balai, wireh mashur sangĕtna gunung Dorangga.

Nanging buktina ajeuna, bĕt iasa mulih deui, wiludjĕng taja kakirang, paman sukur liwat saking, kumaha pasal tjai, rupina mah djiga luput, teu tiasa katjandak, upami jaktos teu kenging, atuh matak handjakal kabina-bina.”

Wĕrkudara ngawalonan, bari pasĕmonna sĕngit : „Eh paman Pandita Dorna, naha paman djail dĕngki, laku laip tur kĕtjing, ngadon ngalĕdjokeun wungkul, kula meh-mehan tiwas, rek

paeh ngadjadi majit, ku lantaran ngandël kana omong paman.

Panjana teh saénjana, tjape oge kula indit, neangan tjai Pawitra, horeng tjai tanpa bukti, kalah ka meh balai, saupama paman kitu, njata tega ka kula, paman ulah mangsar-mingsir, kula malës ulah sambat kaniaja.

Kula teh rarasaan mah, tjukup mupusti gumati, ka guru hormat tiliwat, ngestokeun lahir djeung batin, tapi mun paman djail, boga hate dëngki hasud, rek ngarah ti poekna, panghormat kula ge leungit, dibeubeutkeun paman teh ajeuna pisan."

Kërëwëk Dorna ditewak, didjungdjung bade dibanting, rikat luntjat Baladewa, kitu deui Kurupati, hawatos ka Sang Rësi, muntangan ka nu keur, bëndu, malar leler napsuna, dilëlëmu saur manis, dielingan supados teu tëtërasan.

Rada lëlër oge Bima, hënteu ngagugudug teu-ing, dipëpër ku Sujudana, djeung Baladewa Narpati, barina diwëwëling, jen mungguh murid ka guru, teu kenging tinggal hormat, utjap rengkak këdah pilih, dipantrangkeun nganiaja djeung nanganan.

Geus dilesotkeun Sang Dorna, ngadegdeg lir murangkalih, asa kabur pangatjian sadjongdjo-ngan teu ngalahir, nanging bubuhan rësi, bantër tapa gëntur ilmu, djeung tjukup pangabaran, reuwasna teh hënteu lami, mung sakédap geus tégër deui manahna.

Ladjëng ngalahir ka Bima : „Edas ku rarusuh teuing, bëndu teh estu diumbar, ulah sok leungit pamilih, kaduhungna di ahir, apës nu ngalawan guru, sok tuluj leungit djaja, djeung matak djauh rëdjëki, saumurna ngan asor bae gawena.

Djaba eta kadongdora, wani teh ka aki-aki, nu henger taja tanaga, teu bisa ngalawan deui, ropoh ripuh tur sisip, djeung dosana tatjan puguh, lërësna naros 'heula, naon anu djadi margi, anu mawi tjai tea teu kapëndak."

Putjung

Barang Bima ngadangu saur Sang Wiku, bënduna lës musna, malah ajeuna karaos, jen ngadolos hënteu sarëng kira-kira.

Pok andjeunna undjukan ka Maha Wiku, njuhunkeun përtobat, djalaran bangët rumaos, jen andjeunna boga pëta kalëpasan.

Nanging pĕta kitu teh sanes ka guru, margi ka guru mah, tĕtĕp ngahormat teu pĕtot, bĕndu soteh kana djail djeung dĕngkina.

Kabĕnĕran eta si Dĕngki si Hasud, parĕng dumunungna, di salira Dorna kolot, bongan atuh bĕt kĕrsa dianggo njajang.

Nadjan djasad ukur darma djadi kurung, tapi katĕmpuhan, bongan pake ngantjik Goreng, lamun Goreng dibasmi djasad nu lara.

Lamun hajang djamuga badan sakudjur, bebas ti hukuman, eusina ge kudu hade, djeung sing kuat nendjo batur meunang bagdja.

Ulah hasud lamun nendjo batur nandjung, deungeun meunang bagdja, urang pantĕs milu atoh, lain tuluj suudon ngarah ngarinah.

Seueur-seueur Bima saurna ka guru, djiga kasar sugal, padahal maksadna sae, Dorna ngĕluk da hatena mah rumasa.

Sarta ladjĕng Pandita Dorna teh njaur : „Mugi teu kapalang, milari tĕai aheng teh, kĕdah tĕras sing dumugi ka kapĕndak.

Kapungkur teh disanggēmkeun jen di gunung, sajaktosna lēpat, kawantos paman geus kolot, sok limpeuran geus pikun rea pohona.

Ajeuna mah ku paman oge kaemut, jen tjai Pawitra, tēmpatna anu sajaktos, tēngah-tēngah pisan Lawanasagara.

Tēgēsna teh di ditu di puseur laut, sidik moal lēpat, tjai teh pasti kasondong, rupina ge bentēn ti tjai sagara.

Hēnteu sami sarēng tjilaut nu umum, malah djige misah, gampang katawis da geseh, mangga tjandak pasti hasil moal gagal.

Mung saratna ngabudjēngna teh ka laut, ulah tumpak kapal, parahu rakit ge montong, kitu deui nangkeup barang anu ngambang.

Nu kenging teh mung ngodjaj djeung teuleum wungkul, teh eta saratna, supados parēng kalakon, hasil tulus ngamilik tjai Pawitra."

Gērēm-gērēm Bima ka Sang Wiku njaur :
..Ēngke heula paman, ku kula tatjan kahartos,
lamun ngodjaj naha kula bakal kuat.

Sabab meureun ka puseur laut teh djauh. mangkaning kaula, awak nja beurat nja gēde, naha bakal untupan ngalawan ombak."

Sang Bagawan njēmukeun trēsna kalangkung, pura-pura wēlas, njēta anu dumaregdeg, sasauran niron anu dumareuda :

„Deudeuh hidēp Sena naha nanja kitu, andjeun teh ka paman, djiga nu tjangtjaja hate, lir nu sieun dilēdjokeun dipērdaja.

Ieu paman aki-aki tjētuk dawuk, tjarek sare-atna, ngan kari ngadago maot, mambrih naon mun make djahat hianat.

Nitah soteh ngodjaj ka puseuring laut, bawaning pērtjaja, kana ilapat totonde. jen andjeun teh bakal kuat ngalakonan.

Moal nitah mun tērang jen teu kauntup, ongkoh apan paman, guru andjeun nu sajaktos, moal ēnja ngomong bangsa pamohalan.

Ajeuna mah sae enggal bae atuh, ngabudjēng sagara, sidik moal naon-naon, pasti hasil djalaran njata milikna.

Saparantos ngadangu saur Sang Wiku, Bima tētēg manah, sarēng dumeh tara serong, ka Dorna ge nganggapna teh salēmpēngna.

Estu taklid gēmblēng pērtjantēn ka guru, nja ladjēng njanggēman, ka Dorna miwah nu sanes, tēras pamit bade mulih ka Amarta.

Baladewa ngisarahan ka nu mundur, dupi maksadna mah, malar Bima hēnteu tjios, ngabudjēng ka puseur Lawanasagara.

Buruk-buruk papan djati sarēng dulur, nanging isarahna, ku Bima hēnteu kahartos, dikintēna ukur pangandēg ilahar.

Ukur ingguk nganuhunkeun ka Sang Prabu, kana pangangkēna, bari tonggoj bae mios, maksadna teh nēpangan ka para sēpah.

Memeh mulih njēlang heula ka kadatun, marék ngadeuheusan, ka Sang Dasarata katong, pērnah rama saderek Pandu nu sēpah.

Taja sanes mung nēda djiadna sēpuh, malar hasil maksad, enggalna nu ditjarios, ti Sang Katong ladjēng nēpangan Widura.

Tunggal keneh kapirama raji Pandu, gĕlaran Aria, manahna bĕrĕsih saleh, sarta asih rada ondjoj ka Pandawa.

Dumeh eta nu limaana putra Pandu, radjeun dipĕrdaja, ku Kurawa anu linjek, mung saena sok kawagĕl ku Widura.

Malah kantos Pandawa bade diduruk, saena Widura, rikip maparinna wartos. ¹⁾ dumugi ka wiludjĕngna para putra.

Harita ge djeung Bima papajun-pajun, panjang wĕwĕkasna, supados putra teu tjios, ka sagara milari tjai Pawitra.

Ditĕrangkeun jen mung akal Dorna wungkul, malar Bima tiwas, nanging Bima keukeuh bae, hĕnteu tumut piwĕdjang kapiramana.

Manah keukeuh gĕmblĕng pĕrtjantĕn ka guru, jen pasti bĕnĕrna, hĕnteu tjangtjaja jen serong, teu galideur ku wĕwĕkasna Widura.

Nu ngawagĕl ningali anu ngabĕrung, teu kalaladjĕngan, geus uninga ka panganggo, jen Bima teh gurat batu tara robah.

¹⁾ Aos „Mahabarata” lĕbah Pandawa Papa.

Ti Widura Bima teh ngabudjeng tuluj, ka Aria Bisma, kapiejang pernahna teh, anu kongas gëlar Arja Dewabrata.

Ieu oge ka Bima pandjang miwuruk, ngawagël maksadna, nanging wawadi Bisma teh, teu didangu keukeuh bae maksa angkat.

Kinanti

Ti pajuneun ejang mundur, sarta gura-giru mulih, rurusuhan ka Amarta, maksadna teh bade pamit, ka ibu sarëng ka raka, nja kitu ka para raji.

Di djalanna teu katjatur, kotjapkeun bae geus sumping, kasondong sami lalënggah, pangpajunna Dewi Kunti, rada pungkur Judistira, nu ngagedengkeun Drupadi.

Papajun-pajun djeung ibu, Ardjuna anu pinilih, katut Nakula Sadewa, sakëmbaran raka-raji, sami misaurkeun Bima, nu lami teu mulih-mulih.

Dewi Kunti laju alum, paroman prihatos galih, manah sumëlang ka putra, nu angkat parantos

lami, teu aja wartos-wartosna, sieun pinanggih balai.

Paur bilih puput umur, lastari ngadjadi majit, nja hilang dipontrang heulang, di basisir anu wërit, atawa di alas sangar, tur moal aja nu manggih.

Heug pupus teu puguh dumuk, di nu sina-weung-sinawing, hilang teu karuhan tĕmpat, mangkaning djalma teh geuning, leutik ringkang gĕde bugang, ulah manggih pati la'ip.

Dewi Kunti anu bingung, ka para putra mĕ-rĕdih, supados milari Bima, mun tĕpang piwarang mulih, kĕdah papaj ka Astina, paluruh ka Dorna Rĕsi.

Sok inggis sabot natamu, aja Kurawa nu djail, nganiaja ti bongohna, boh ku kasar boh ku dĕmit, da puguh geus pada tĕrang, jen pikir Kurawa djulig.

Bubuhan nu djadi ibu, manah Kunti bentĕn deui, lir geus aja tĕrus rasa, jen Bima kening balai, ku doroi anu lian, nu ngahadja ngarah pati.

Bentën seredetna kalbu, sumëblak teu këndat eling, sakapeung ngëdjut ngarendjag, pikir gimir miris mingsir, wantuning ibu ka putra, pagueuh tjanggreud tali batin.

Nadjan kahalangan gunung, kaalingan ku djaladri, mungguh ibu mah ka putra, taja anggang taja tëbih, tjakët bae dina manah, hamo tëbih ti panggalih.

Anehna nu djadi ibu, nadjan putra sanes hiji, kanjaahna tara kirang, walatra teu widji-widji, djeung lamun ti antarana, saurang keinging papait.

Manah ibu tëras ngangluh, ngiring sëdih ngiring peurih, teu kapunah ku nu rea, nanging sawangsulna deui, lamun putra mëndak bagdja, lir asa ibu pribadi.

Djalma nu indungna luhung, estu bagdja tanpa tanding, beunghar batan boga ëmas, mulja batan radja dolim, sasat boga gunung Bërkah, nu ngadjaring beurang-peuting.

Sabot nudju gunëm tjatur, bët torodjol Bima sumping, atuh sadajana bingah, Kutnji mah

dugi ka nangis, sarta Bima dirangkulan, bangun trësna liwat saking.

Sosonoan teu ditjatur, kotjapkeun Bima geus tjalik, sarta gëmët sasauran, njarioskeun lampah tadi, njaba ka gunung Dorangga, milari tjai nu matih.

Dewi Kunti renghap randjug, ngadangu putra wawarti, sakapeung ngusapan dada, bawaning ngangrës tur këtir, réngat manahna ku Dorna, nu sidik tekadna djail.

Ka Widura njëbat nuhun, ka Bisma nja kitu deui, nu kërsa ngawëdjang putra, malah kapalajna Kunti, Bima teh ulah rek angkat, tètëp bae tjalik-tjalik.

Ingkang ibu alon njaur: „Meugeus hidëp ëntong indit, ulah ngagugu ka Dorna, tetela manehna djail, pamrihna hidëp perlaja, dasar rësi goreng eusi.

Kudu nurut ka piwuruk, ejang Bisma oge geuning, nja kitu paman Widura, seep-seep nja wawadi, patjuan hidëp rek baha, ka para sëpuh nu asih.

Sabab geus tangtu kasiku, lantaran njeung pamali, djeung ibu teh beda rasa, seredetna sedjen deui, kawas hidép bakal tiwas, saupama maksa indit.

Puput umur tĕngah laut, lastari tĕngah djaladri, boga lampah pamohalan, kawilang barang mustahil, kuat ka puseur sagara, tonggoj ngodjaj beurang peuting."

Harĕgĕm Bima ngawangsul : „Ku ibu muga dipikir, naon pirupaeunana, lamun kuring tjidra djangdji, udar lisan luntjat mulung, geus njang-gupan heug teu indit.

Kuring geus djangdji ka guru, saksina para narpati, jen sanggup ngambah sagara, sarta hasil meunang tjai, lamun seug ajeuna gagal, wirang tĕmĕn diri kuring.

Tangtu kasurak ku batur, jen Bima teh ulad-alid, lontjer teu pageuh omongna, boga juni putjuk awi, hirup ge kuring pĕrtjumah, taja nu pĕrtjaja deui.

Djeung pĕrkara pondok umur, kuring hĕnteu leutik ati, upama memang adjalna, maot ditĕ-

ngah djaladri, manusa mo bisa mungpang, misti bae kudu djadi.

Sanadjan njumput di gunung, disarigsig pagër beusi, dikëmitan ku nu djaga, ari djangdjina geus nëpi, sok aja bae sababna, geusan maot tēngah tjai.

Lamun geus kërsa Jang Agung, mahluk moal bisa nampik, sabab anu gaduh njawa, taja lian anging Gusti, urang darma katitipan, dipundutna teh geus pasti.

Duka sore duka isuk, pati mo tērang di wantji, adjal teu tērang di mangsa, boh di darat boh di tjai, mungguh pasal maotna mah, taja bedana saeutik."

Judistira anu luhung, ka Bima alon ngalahir: „Lërës pisan Wërkudara, pasal pasanggëman jaji, jen urang teu sae tjidra, kēdah tujuk kana djangdji.

Nanging jaji kēdah emut, nu kumaha ari djangdji, ari emutan kakang mah, pasanggëman jaji tadi, ka paman Pandita Dorna, hēnteu sah disēbat „djangdji”.

Nilik kana tekad itu, anu mēdal tina djulig, aja karēp nganiaja, saksina djalma utami, nja, eta paman Widura, djeung ejang Bisma nu watjis.

Kakang Baladewa Prabu, magar ngandég sa-ur jaji, eta teh sajaktosna mah, maparin isarah rikip, malar jaji ulah angkat, ngadon njampeur-keun balai.

Djeung pangna jaji kapungkur, njanggēman ka Maha Rēsi, djalaran jaji harita, taja pangintēn saeutik, kana djuligna Pandita, jaji mah manah teh bērsih.

Jaji sing emut ka ibu, nandangan prihatos galih, lamun ku jaji ditilar, djeung deui pērkawis pati, papada jaji pērlaja, lajonna sing katingali.

Dipulasara ku ibu, ku saderek sarēng wargi, ulah hilang teu karuhan, tumbuh ēnggon tanpa warti, tjindėkna mah paeh nista, tah eta kėdah didjagi."

Bima ka raka ngawangsul : „Pilahir kakang Darmadji, ku kuring kaharti pisan, wawadi tanda jen asih. ngan kuring teu wērat nampa, rek tētēp mageuhan djangdji.

Hanas eta Maha Wiku, aja manah djail dĕngki, tjek kuring mah hĕnteu njata, urang hĕnteu sidik jakin, ukur tĕrka djeung pangira, jen rek ngalĕdjokeun kuring.

Tapi nadjan bĕnĕr kitu, kuring teu inggis teu gimir, mun geus nĕpika pastina, paeh ku karinah dĕngki, eta mah moal kumaha, mana kitu ge geus takdir.

Ngan upama seug teu tulus, Kurawa teh tada teuing, mojok sarta ngahinana, njarĕbut kĕtjing ka kuring, nja tjidra nja hajam lamba, djĕlĕma adjirihing pati.

Da urang teh ĕnggeus tangtu, teu kalis ku njĕbut „djail”, kudu sidik djeung buktina, jen paman Dorna teh dĕngki, ulah satuding-tudingna, bisi malindĕs ka diri.

Djeung lamun ĕnja teh kitu, andjeunna sugĕma pikir, ka kuring rek njabut njawa, ku djalan djulig tur dĕngki, tah eta hina nistana, nja di andjeunna pribadi.

Djeung pĕrkara puput umur, ari tjek ingĕtan kuring, nangtukeun hina muljana, lain ku go-

djodna majit, eta mah wungkul lahirna, batin mah da beda deui.

Upamana hidji ratu, nu djulig murka tur dolim, heug pupus di kadjuaran, di karaton lëbët puri, diliung ku para warga, katut gëgëden nagari.

Tjek kuring mah eta ratu, atjan puguh mati sutji, sukmana mah palangsiang, djol blus ka naraka mandjing, gëde dosa urut murka, sukma, kotor sesa dolim.

Sabalikna ti nu kitu, aja hidji tjatjah miskin, tapi bageur hade lampah, to'at ngabakti ka Gusti, ati putih badan bodas, tjindëkna sukmana sutji.

Mun seug eta djalma kitu, maot titeuleum di tjai, ku djuligna anu lian, asana teh abong deui, lamun kudu paeh-nista, tjara tadi radja dolim?

Sabab mungguh Maha Agung, ngukurna mulja djeung laip, hënteu ditingal pangkatna, teu nilik beunghar djeung miskin, tapi amal ibadahna, mana nu saleh nu djail

Anu takwa ka Jang Agung, hade lampah hade ati, hade ka papada umat, tah eta anu

diasih, djeung hukumna anu hilang, di mana-mana ge sami.

Di leuweung di tĕngah laut, di gunung di tĕgal keusik, di gĕdong di pangpĕrangan, mun iman mantĕp ka Gusti, eling ka Maha Kawasa, teu kaitung paeh laip.

Bedana ngan ukur kudjur, tjangkang nu geus leungit eusi, nu hilang di pasampangan, teu dipulasara rasmi, teu tjara hilang di imah, diurus diapik-apik.

Tapi mun gilig gumulung, ihlas tjlak herang tjlik putih, geus teu milih tĕmpat hilang, teu owĕl ku djsim laip, ngabelaan tekad mulja, hilang di mana ge sami."

Sinom

Katempas saur ku Bima, Judistira sarĕng Kunti, hĕnteu iasa ngadjawab, sadjongdjongan sami djĕmpling, nanging teu kantos lami, Ardjuna madjĕng ka pajun, alon tartib dat njĕmbah, sagala sing sarwa rintih, sirna rineh djatnika pinuh wiwaha :

„Kulanun pilĕnggah kakang, ieu kuring anu laip, hapuntĕn bade undjukan, sasatna njiduh

ka langit, sarehing kumawani, miwuruk saderek sěpuh, tina bawaning trėsna, sapapait-samamanis, asa dosa upami hěnteu haturan.

Kasauran kakang Bima, sidik lantip tur binangkit, utjap binėkas pėrtjeka, mung bae kakang teh tali, kana hidji pėrkawis, wadjibna anak ka indung, kėdah tumut saurna, sabab mun indung wawadi, biasana sok pėrbawa tėrus rasa.

Jen anakna rek tjilaka, djeung kėtjap indung teh matih, mun dirėmpak sok katulah, matak teu djamuga diri, kakang ge kitu deui, mugi sing tumut ka ibu, komo lamun dimanah, jen nu sanes rea deui, nu ngawagėl kana pamaksadan kakang.

Ngawitan paman Widura, ladjėng ejang Bisma Rėsi, djabi kakang Baladewa, sinarėng kakang Darmadji, nja kitu deui kuring, malah ieu nu di pungkur, Nakula djeung Sadewa, sanadjan ěmbok Drupadi, moal rėmpag lamun kakang keukeuh angkat.

Tah eta teh sadajana, kenging oge djadi tawis, jen maksad kakang teh lėpat, djeung upami palaj bukti, itikad Kurupati sing emut

bae kapungkur, ka djaman Purotjana ¹⁾, urang meh-meh djadi majit, mun teu aja pitandang paman Widura.

Dupi bukti kaduana, njampak di kakang pribadi, djaman di gunung Dorangga, tarung djeung dua rasėksi, magar milari tjai, bukti dilėdjokeun wungkul, ana heug katanjaan, eta paman Dorna Rėsi, ladjėng ekol magar teh kaliru njėbat.

Memang bakatna Kurawa, ka urang teh ti aalit, mung djulig dėngki hianat, ari pėtana ku rikip, kitu pihatur kuring, mugi sing paos diemut, dupi pasal pupus mah, teu pandjang pi-sanggėm kuring, memang lėrės sakumaha saur kakang.

Kitu ge aja nangingna, sanes tina pasal majit, atanapi pasal sukma, eta mah tjotjog djeung kuring, ieu mah bentėn deui, nja eta anu dikantun, ibu djeung para kadang, matak panasaran galih, lamun kakang pupus teu puguh tėmpatna.

Malah ibu palangsiang, ku bawaning sėdih galih, boa tėras hėnteu damang, malah kapaur

¹⁾ Aos Pandawa Papa „Mahabarata”.

teh leuwih, tina teu damang tadi, seug dipundut ku Jang Agung, eta teh batinna mah, nja kakang nu djadi margi, mun geus kitu barubah teh sa-nagara.

. Talunganan madjeng përang, nëmpuh musuh mapag djurit, ibu ge taja wagëlan, kitu deui para wargi, nanging lamun lastari, pupus ku ditipu batur, bentën deui raosna, matak pana-saran pikir, moal sadrah hate teh teu këndat ngëntab."

Bima mindël lami pisan, reh kapeupeuh ku kang raji, rumaos kawon bitjara, manah tuluj rada sabil, aja tumut ka raji, aja tumut ka Sang Wiku, teu lami sasauran, tur bangun geus bu-leud gilig : „Ah kapalang geus njëbut sanggup ka Dorna.

Kuma ëngke balukarna, teu ngaborongkeun Jang Widi, andjeunna anu kawasa, kuring ajeuna rek indit, panuhun taja deui, mung pang-du'a nu kasuhun, malar salamët awak, masing bisa balik deui, sarta hasil meunangkeun tjai Pawitra."

Bima lungsur ti pamëngkang, djolag-djolag angkat gasik, sakëdap geus teu katingal, olohok

nu sami linggih, kaget lëbëting galih, taja nu ngintën rek kitu, Kunti lës kapidara, Drupadi mungghah ngadjërit, atuh gujur eusi puri sadajana.

Nakula sarëng Sadewa, sami rikat mangkon Kunti, ditjandak ka kadjuaran, diebogkeun dina katil, enggalna nu digurit, dumeh pada ngagugulung, Dewi Kunti teh damang, rosa nangis bangët sëdih, nu disambat taja deui djabi Bima.

Unggal dintën dilëlëdjar, siang wëngi pada ngaping, dibëbërah dibibingah, rada oge damang deui, malah ladjëng samadi, mantëng muntang ka Nu Agung, malar wiludjëng putra, ditëbihkeun ti balai, enggal mulih tur hënteu aja kakirang.

Sigëg anu di Amarta, Bima urang tjatur deui, geus kaluar ti nagara, ngambah leuweung rëmbët rumpil, matak sieun djeung këtir, panonoban badak maung, gadjah djeung nu lianna, sato galak oraj matih, matak pugag anu kurang wawanen mah.

Kawas keuna pangabaran, eta sato leuweung tadi, anu kapanggih ku Bima, taja anu njisikudi, malah lir sieun adjrih, maung tunduk datang

tjumbu, badak gadjah darëpa, adjag lir ngaren-
djag pikir, oraj numpi taja nu ganggu ka Bima.

Tonggoj djongdjon lampah Bima, sindangna
mung ari wëngi, minangka ngeureunan palaj,
kulëm dina luhur kai, lumaku milang sasih,
djëdjëg njuktjuk gunung tudjuh, kadalapan
disorang, tuang leueut teu ditolih, kasangsara
sadrah minangka tatapa.

Etang-etang ngisat raga, bari muntang ka
Jang Widi, mantëng ka anu ngajuga, nënëda
waluja diri, tur maksad enggal hasil, manah teu
këndat mënëkung, enggal nu ditjarita, lampah-
na Bima geus dugi, ka basisir sisi Lawana-
sagara.

Basisir bangët waasna, titingalan matak rës-
mi, ningal lambak silih udag, njeblokan kana
kikisik, sorana lir nu tjeurik, ngawagël ka putra
Pandur, ulah ngambah sagara, siga nu ngadju-
rung mulih, tjai laut lir anu sungkan disorang.

Nanging sugri kawaasan, ku Bima teu kati-
ngali, bawaning tjëngëng manahna, muntang
ka Gusti Jang Widi, andjeunna di basisir, teu
kantos lami ngalantung, djalaran rosa maksad,

gilig teu galideur deui, Bima antjrub geus ngaraas di sagara.

Ti sisi madjéng ka téngah, ngawitan lërésan imbit, wuwuh madjéng sémét paha, wuwuh téngah djéro deui, Bima ngambahna tjai, parantos sémét harigu, tur kateumbagan ombak, sotja karaosna peurih, teu ditolih andjeunna maksa ka téngah.

Wuwuh djéro dumeh nengah, parantos teu napak deui, nja kapaksa téras ngodjaj, ombakna neumbagan tarik, Bima kabuntang-banting, ngodjajna teu pati ladju, saena kiat bédas, lami-lami madjéng tébih, daratan ge parantos henteu katingal.

Pangkur

Sinigeug Bima nu ngodjaj, njélang heula katjatur hidji nagri, Darawati anu mashur, djémbar gémah rahardja, pasir wukir loh djinawi pandjang-pundjung, dajehna teh Meralaja, kongas endah rësmi rësik.

Anu djumënëng nalendra, Sang Batara Krésna andanawarih, tيسان Batara Wisnu, putra Sang Basudewa, saderekna Sang Baladewa

Pērēbu, tunggal sabrajna ke Bima, ti kang ibu Dewi Kunti.

Kasakten Batara Krēsna, hēnteu bade pandjang-pandjang digurit, mung tjindėkna bae pundjul, wantu lungguh Batara, katjaturkeun Maha Prabu keur kapungkur, nalika masih djadjaka, geus „ngahukum” oraj tjai.

Ngaran naga Nėmburnawa ¹⁾, bongan ma-ke ngabaruangan tjai, teu aja nu kuat nginum, ti walungan Jamuna, sato djalma djeung pėpė-lakan teu hirup, lantaran tjai Jamuna, katjam-puran peurah matih.

Ku peurahna Nėmburnawa, sarta barang ku Krēsna katingali, hawatosna langkung-langkung, ladjėng bae walungan, disaatkeun ku kasaktenna nu luhung, Nėmburnawa tjėg dite-wak, ditjėrėk teu bisa usik.

Barang arek dipaehan, totobatan oraj teh bari tjeurik, hajang dipaparin hirup, Krēsna wėlas manahna, Nėmburnawa dileupaskeun bari njaur : „Hade maneh dihirupan, tapi ulah ganggu deui.

¹⁾ Dina babon Hindu ngaran oraj teh Kaliya. (Bagawat Purana, bag. X pupuh 13 – 17).

Lamun ganggu ka manusa, nja di dinja maneh pinanggih pati, tangtu pisan puput umur, djeung maneh kudu njingkah, tuh di ditu matuh di laut nu djauh." Ladjeng eta oraj naga, dialungkeun langkung tēbih.

Tjrub di Lawanasagara, laut anu tara kasaba djalmi, si oraj teh dasar palsu, abong tabe'at oraj, gindi pikir bēlang bajah teh geus baku, djahat djulig memang tukang, bēlik neuteuli maranti.

Sakitu geus disupata, pikirna teh keukeuh bae njungkēlit, papadaning puput umur, ku hajang malēs heula, ka Sri Krēsna atawa ka sipat dulur, paeh ge teu panasaran, lamun ēnggeus malēs pati.

Urang kotjap deui Bima, nudju ngodjaj ngambah lambak djaladri, salira ngawitan lēsu, parantos meh teu kiat, nadjan mulih deui ge moal kauntup, madjeng mah geus sumawonna, langkung ewēd liwat saking.

Keur kitu wuwuh reuwasna, putjunghul teh oraj ti djēro tjai, tjalawak matana hurung, su-ngut mani ngabudah, huntuna ge tjarang lantjip

tjara garu, sihung lir doran sapasang, ngandung peurah bangët matih.

Oraj Nĕmburnawa nanja: „Eh satria andjeun nu ngambah tjai, ka mana anu didjugdjug, sarta ti mana asal, arek naon anu matak ngambah laut, pĕrnah kumaha ka Krĕsna, baraja atawa lain ?”

Bima kaget bari bingah, dikintĕnna oraj teh moal djail, sarĕng ku margi teu umun, oraj bisa njarita, pangintĕnna tangtu Dewa bade nulung, Batara nu minda rupa, bade ngadjait balai.

Pok diwalĕr sahinasna, tĕrus-tĕrang hĕnteu dipandang-pinding, bari ngaharĕp pitulung, rehing teu kiat ngodjaj, nanging oraj kalah seuri bari madju, sarta ngabedjakeun ngaran, djeung asal-usul mimiti.

Tĕrus pokna: „Sing iatna, nja ajeuna maneh pinanggih pati, baris panganggeusan hirup, ganti Batara Krĕsna, rek dipatjok djeung dibeulit mangka rĕmuk, eh maneh baraja Krĕsna, hajoh sambat nini-aki.”

Bima kaget pok haturna: „Aeh Naga nahaon dosa kami, rek dipatjok teu pupuguh, kami reu-

djeung maneh mah, papanggih ge kakara ieu saumur, djeung deui kami djeung Krēsna, misah njawa misah djsim.

Ĕnja baraja tea mah, tapi lampah lain-lainna deui, lamun maneh teu rek palsu, djeung boga kira-kira, tangtu moal ka kami daek ngaganggu, djung ka ditu maneh njingkah, ulah ala ulah djail."

Njakakak si Nĕmburnawa: „Maneh ulah rek loba omong deui, sakieu ge masih untung, me-meh aing naradjang, make daek nanja padahal teu pĕrlu, sabab anu biasa mah, matjok teu tata pasini !”

Da puguh ĕnja oraj mah, adatna teh palsu liwat ti misti, djalma hĕnteu puguh², teu dosa teu nandasa, kĕtjok bae dipatjok nĕpi ka rubuh, malah sok nĕpi ka hilang, keuna peurah oraj dĕngki.

Atuh kaharti katjida, lamun djalma kabeh ka oraj idjid, mun manggih oraj dibĕntur, dikĕpung dipaehan, tjilakana mun seug djalma oge palsu, manusa mijuni oraj, matak bahja lahir-batin.

Bima nu suda tanaga, bangĕt bĕndu ka nu rek ngarah pati, sanadjan parantos lĕsu, nanging sakiat-kiat, dikĕmpĕlkeun tanagana kanggo tarung, Nĕmburnawa geus naradjang, tjai teh ngawiak tarik.

Karĕpna rek meulit Bima, nanging Bima rosa babadug tarik, oraj didĕngkek ku dĕngkul, djeung ditjĕkek beuheungna, tjai laut njĕbrot lir ku gunung bitu, ngabudah djiga ngagolak, dipake rĕbutan pati.

Bima mĕrĕkpĕk nodjosan, ku kukuna Pantjanaka nu matih, kana beuteung reudjeung punduk, oraj teh mungguh ratja, lila-lila tina ku bawaning lĕsu, Bima lesot panjĕkekna, tina beuheung oraj tadi.

Ngagudibag Nĕmburnawa, bari matjok ka Bima djeung ngabintih, karĕpna mah mun kauntup, rek neureuj mangka puas, ngan hadena oraj teh kaburu lĕsu, keuna peurah Pantjanaka, djeung raheutna rea teuing.

Oraj naga teh sakarat, mani muntir awakna djĕro tjai, tinggudjubar tinggĕdjĕbur, sada tjurug sajuta, Nĕmburnawa geus paeh di tĕngah laut, djadi wadal Pantjanaka hĕnteu bisa mĕnjat deui.

Midjil

Kotjap Bima nu tas ragot djurit, ku matak hawatos, salirana djadi leuleus lëtek, nanging bareuh sarta bangët njëri, ku peurah nu matih, njarambah sakudjur.

Geus njamarkeun kana mënjat deui, estu bentën raos, nja harita dongkapna adjal teh, hamo kiat nandangan kanjëri, Bima bangët sëdih, ras emut ka ibu.

Pok sasambat : „Aduh ibu Kunti, ieu kuring maot, salah kuring bongan teu ngadenge, kana omong ibu waktu tadi, djeung kakang Darmadji, ajeuna kaduhung.

Mang Widura ejang Bisma Rësi, nu ngawagël mios, isarahna kang Baladewa ge, taja anu diuqu ku kuring, komo ki Pamadi, teu pisan diturut.

Nja ajeuna karasa ku kuring, bongan sok ngadolos, njapirakeun kana omong hade, madawana ka diri pribadi, tobat ibu Kunti, sing agung paralun.

Kuring paeh ku djuligna Rësi, nipu ngabobodo, dosa naon kuring ka Dorna teh, bët ma-

nehna djail-djail teuing, tulung ibu Kunti, aduh ibu aduh.

Pileuleujan deudeuh bumi-langit, panung-tungan nendjo, nja arandjeun anu njaksian teh, adjal kami ku panggawe djulig, titeuleum di tjai, djadi budah laut.

Duh Jang Agung Gusti Maha Sutji, ieu kuring maot, iklas pisan masrahkeun njawa teh, ka nu gaduh pati reudjeung hurip, mun nepi ka djangdji, njawa kudu mungkur.

Batan hirup nandangan kanjēri, mēnding oge maot, muga dosa dihampura kabeh, anu gēde reudjeung anu leutik, nu samar nu sidik, nu ebreh nu njumput."

Ningal Bima estu matak watir, kērsaning Jang Manon, nja harita pinanggih mangsa teh, puput adjal dumugi ka pati, teu kenging sumingkir Bima misti pupus.

Lajon Bima tina beungeut tjai, kalēmna teh alon, lir nu sungkan ka dasar laut teh, sapertos nu palaj timbul deui, ka Amarta mulih, tobat ka kang ibu.

Saparantos ngantun beungeut tjai, lajon teu katembong, ngadak-ngadak laut motah mojeg, kawas anu gideug ěmbung nampi, lajon djalma bĕrsih, ka djĕro tjilaut.

Ombak laut lir gunung ngadingding, tur mang-ewon-ewon, lir ngarĕdjat njingkah ti lajon teh, dibarĕngan ngagĕlĕbug angin, tarik leuwih-leuwih, ti djamparing mabur.

Ngagĕrunga lir hatong sakĕti, dunja lir digĕbos, tjai laut djiga sina bahe, tanding Baju ¹⁾ nu keur bĕndu galih, rek ngabasmi bumi, sina amburadul.

Bumi gendjlong mungga gundjang-gandjing, lir parantos rejod, asa kantun bro ngagĕbro bae, tanding Anta ²⁾ nu bade ngabasmi, malar burak-barik, sina lĕbur adjur.

Gunung-gunung tinggĕlĕgĕr muni, djagat mungga lendjong, turug-turug hudjan lĕbu

¹⁾ Baju (Dewa Angin) teh „rama gaibna” Bima.

²⁾ Dina babon Hindu Anta (Ananta) teh nja eta Batara Basuki, Dewa Oraj nu ngageugeuh dasar bumi. Dina kanda Djawa, Anta teh Antaboga, naga nu ngageugeuh bumi, mertua Bima, rama Nagagini, ejang Antarĕdja, Dina padalangan Sunda Antaboga teh sok aja nu njĕbat Nagapĕrtala.

poek, panonpoe surup memeh wantji, sieun keueung kětir, eusi dunja gugup.

Paněkana dunja anu gondjing, ku Dewa karaos, di sawarga bajeungjang nereptep, tatangkalan ngadadak gararing, musna kabeh sari, djadi mēdēm alum.

Ĕmas hurung tjahajana leungit, sakur nu montjorong, djadi paut djeung rarumeuk kabeh, balong saat tjai hēnteu palid, djeung poek lir magrib, tur gugur gumuruh.

Geus waspada Sang Hyang Otipati, jen anu sajakto, sadajana eta teh totonde, gara-gara Bima kēneng pati, panggawe nu djail, malar puput umur.

Sang Batara Guru anu sidik, tur iasa rastjlok, ladjēng bae saharita keneh, kērsa lungsur ka tēngah djaladri, lēbah nu lastari, Bima anu pupus.

Sarta njamur djadi djalma alit, anu kate tjabol, tur pameunteu ti Bima teu geseh, lir saderek kēmbār raka-raji, sarta gēntos nami, salamina njamur.

Njēbat andjeun nami Dewarutji, enggalna tjarios, geus djol sumping ka sagara bae, ningal Bima sangēt ngangrēs galih, djalma bērsih ati, „dilēlēpkeun” batur.

Saparantos Sang Batara sumping, dunja anu gendjong, ngadak-ngadak adjēg deui sae, gunung reureuh laut oge tjitjing, sarta angin palis, raat hudjan lēbu.

Panonpoe oge tembong deui, sinarna mon-tjorong, langit lenglang sabiasa bae, djagat pulih sakuma sasari, tjai palid deui, kakajon salubur.

Bima kalēm dina djēro tjai, lalaunan alon, dasar laut lir sungkan nampi teh, nampi lajon djalma putih bērsih, wadal napsu djail, laku guru palsu.

Katingali ku Sanghyang Pramesti, Bima djadi lajon, bangēt wēlas Batara Guru teh, pok ngalahir: „Udjang deudeuh teuing, bēt nēpi ka pati, ku mantēp ka guru.

Abong ēnja hidēp bērsih ati, lēmpēng tara serong, ka batur ge njangka bērsih bae, hēnteu aja timburu saeutik, ieu komo deui, ka guru pinundjul.”

Djagatnata ratuning Dewadi, ka lajon teh mēntjrong, wantu-wantu Dewa nu murbeng-reh, kapalajna sadajana djadi, taja nu mustahil, moral hēnteu makbul.

Geus ngērsakeun Bima hirup deui, lir nu gugah ebog, djeung salira nu bareuh geuneuk teh, tilas peurah Nēmburnawa tadi, ajeuna geus pulih, biasa kapungkur.

Djeung sanadjan dina djero tjai, tētēp bae raos. hēnteu eungap lir di darat bae, asa njeuseup hawa sēgēr bērsih, sarēng hēnteu tiris, asa anggēr tuhur.

Asmarandana

Njah beunta kulisik tanghi, lir anu tas kulēm tibra, sadjongdjongan bēngong bae, dumeh bentēn titingalan, asa dina impenan, lami pisan ngemut-ngemut, djeung ngarampaan salira.

Nanging da sidik teu ngimpi, hēnteu ngalindur teu gundam, teu sasar atawa mabok, mung tetela pindah alam, dina dasar sagara, sarta emut jen tas tarung, reudjeung naga Nēmburnawa.

Bima bangēt ewēd galih, hēnteu kahartos ku akal, dugi ka djadi kitu teh, dumeh teu tiris teu eungap, tur salira waluja, djung ngadēg kērsana timbul, bade ka beungeut sagara.

Nanging barang larak-lirik, dina lēbah „tangkal” karang, bēt ningali djalma kate, gēdena ukur satēpak, tur njēples lir andjeunna. Bima kagetna kalangkung, wuwuh-wuwuh bae heran.

Ngagērēm Bima ngalahir : „Eh maneh nu djiga djalma, naha maneh mahluk naon, gandarwa naha manusa, sarta naon sababna, bēt aja di dasar laut, naon anu diteangan.”

Pok ngawalon Dewarutji : „He Bima mangka waspada, sarta poma ulah kaget, ejang teh nu saēnjana, ka hidēp ngahirupan, nja ejang anu saestu, nu ka hidēp rek miwēlas.

Ngaran ejang Dewarutji, ngarasa bangēt teu tega, nendjo hidēp tadi maot, tas pērang djeung Nēmburnawa, djeung ejang tērang pisan, jen pangna hidēp ka laut, dumeh ngagugu ka Dorna.

Dititah neangan tjai, ngaranna tjai Pawitra, padahal eta teh bohong. Dorna mah nu saēnja-

na, dumeh djahat niatna, arek ngalédjokeun wungkul, malar hidép tuluj hilang."

Bima kaget liwat saking, ka djalma kate waspada, geus teu sak manah Bima teh, jen Dewarutji teh Dewa, nu nulungan andjeunna, Bima bingah bari njaur, ngédalkeun kaheran manah ¹⁾).

„Eta omong andjeun tadi, sakétjap ge hēnteu salah, tapi kula masih helok, andjeun teh geuning bēt tērang, kana maksud kaula, kana ngaran ge pon kitu, kawas nu geus loma-pisan."

Dewarutji njaur deui: „Ejang memang tērang pisan, kana djudjutan hidép ge, rama hidép teh nu njata, Pandu djēnēnganana, tapi ari nu saestu, Sang Baju anu ngajuga.

Tuang ibu Dewi Kunti, putra Prabu Kuntibodja, hidép teh boga saderek, dua saibusarama, nu sēpuh Judistira, Ardjuna saderek bungsu, ari hidép nu panēngah.

Saderek teh aja deui, misah ibu tunggal rama, Madrim ibu kawalon teh, putrana kēm-

1) Panganggo Bima: sasauran sarēng saha bae oge tara basa kēmēs.

bar sapasang, Nakula djeung Sadewa, matak deudeuh ku pahatu, geus teu ibu geus teu rama.

Sakitu ejang wawarti, sheulaanan mah tjëkap, mangga urang timbul bae, tjalik ka rompok ejang, di dieu ëntong lila, ëngke lamun geus di ditu, urang tjatjarita pandjang."

Enggal bae Dewarutji, sami timbul sarëng Bima, geus timbul teh Bima kaget, bët aja di hidji nusa, pulo endah katjida, tur mëntjil di têngah laut, teu aja deui baterna.

Eta pulo tégës leutik, ngan tjukup keur hidji imah, djeung buruanana bae, nu dibalaj ku përmata, rupa-rupa sosotja, heug tamansarina lutju, lir taman Dewa Asmara.

Djukut lir alkëtip wilis, sutra anu lëmës tea, pagërna diaheng-aheng, rudji-rudjina malela, make dirëngga-rëngga, gapurana hurung mantjur, ëmas nu ruhaj burahaj.

Tjara tjatjapit kapiting, dina meundeut djeung mukana, tur muka-meundeut ku maneh, Dewarutji sarëng Bima, geus ngalangkung gapura, matak helok sakalangkung, ningal kaanehan imah.

Bilikna kuningansari. lantena salaka mub-jar, tihangna ku ěmas kabeh, ari para ku tambaga, hateupna ku suasa, lawangna kantjana murub, kitu deui djandelana.

Aambeuan sarareungit, matak rasmi kana rasa, tur hawana sĕgĕr raos, hĕnteu tiris teu hareudang, matak djagdjad salira, parabot imah aralus, singsarwa aheng tur endah.

Unggal medja geus sajadi, rupi-rupi katuangan, buah-buah kitu keneh, leueuteun taja kakirang, eta teh sadajana, pangĕrsa Batara Guru, ngabidjilkeun pangawasa.

Pok ngalahir Dewarutji: „Tah di dieu tumaninah, raos kanggo tjatjaros, hidĕp di dieu sing sĕnang, ulah rek asa-asa.” Bima pĕrlente ngawangsul, bari hĕnteu wĕleh heran :

„Kaula wĕleh tjan ngarti, kana ieu kaaheangan, djeung ka salira andjeun ge, nadjan geus tĕrang djĕnĕngan, masih ngarasa samar, na' saha andjeun teh atuh, anu saĕnja-ĕnjana.

Djeung eta andjeun teh geuning, ongkoh nja leutik nja budak, tapi ngomong tjara kolot,

malah ngabasakeun ejang, asa ku teu mērénah, sabab lamun ngukur umur, tangtu pisan kolot kula."

Gumudjéng Sang Dewarutji: „Mungguh hidép reudjeung ejang, ejang nu leuwih kolot teh, dalah ejang Abiasa, Bisma djeung Tji-tranggada ¹⁾, atawa ujut Santanu, kabeh sahandapeun ejang.

Nadjan mapaj Prabu Asti, tērus ka Prabu Barata, karuhun hidép nu sohor, teu mapakan ka ejang mah, kabeh ge sasat budak, teu aja nu langkung sēpuh, mun dibandingkeun ka ejang.

Nja ejang Si Muladjadi, djeung mun hidép teu pērtjaja, hade hidép asup bae, kana djéro awak ejang, éngke geus tangtu mēndak, nu aneurna sakalangkung, di dunja taja bangsana."

Bima teh ladjéng ngalahir: „Kula lain teu pērtjaja, ngomong soteh dumeh helok, saumur kakara mēndak, nu sakti tjara ejang, komo ieu nitah asup, ka djéro salira ejang.

1) Pandjangna. aos: „Luluhur Pandawa" Mahabarata.

Ku kula hēnteu kaharti, kudu ti mana djalan-na, sabab awak kula gēde, boro-boro kudjur badan, peureup ge tangtu mēlag, kuma rek bisana asup, asa pamohalan pisan."

Njeuleukeuteuk Dewarutji : „Hidēp ulah kawuhan, djalan asup teh teu hese, abus tina tjeuli ejang, ieu tjeuli nu kentja, ulah bingung dumeh lēmbut, anggur hēmpek geura tjoba."

Bima panasaran galih, ka Dewarutji njakētan, ladjēng kana tjēpil nēmpo, estu aneh matak heran, tjēpil teh bēt lalēga, kalajan gampil blus abus, geus aja di lēbēt raga.

Poek mongkleng buta radin ¹⁾, pētēng dēdēt buta rata, teu awas ka naon-naon, Bima teu kintēn ewēdna, hēnteu kantēnan pēta, mundur tambuh madju paur, ladjēng ngadjēngdjēn teu obah.

Sabot kitu ngong kakuping, sidik anu sasauran, Dewarutji nu njaur teh: „Eh hidēp Bima kumaha, naon anu katingal?" Bima kaget pok ngawangsul: „Tobat ejang poek pisan.

¹⁾ Sanes „radjin". *Radin* hartosna *rata*. Buta radin (buta rata) tēgēsna lir nu lolong rata teu panonan, teu awas meueus² atjan. Salērēsna pisan mah *wuta radin*.

Leuwih pětëng batan peuting, nadjan tjuruk deukeut mata, ku kula hěnteu katendjo, kula teh kudu kumaha, djeung ejang teh di mana, pangdenge kula teu djauh, djiga di hareupeun pisan."

Geus tamat Bima ngalahir, sakėdap netra braj tjaang, lir tjaangna těngah poe, tapi teu ngarasa panas, djeung hěnteu pisan serab, tjaang tapi tětėp iuh, djeung hawa sėgěr ngareunah.

Ari nu leuwih adjaib, dumeh di pajuneun Bima, tetela atra katembong, aja Dewarutji lěnggah, sarupi nu ngantosan, Bima kaget la-djěng njaur : „He mahluk maneh teh saha.

Bėt ku njėples Dewarutji, naha maneh teh dulurna?" Nu ditaros pok ngawalon : „Hidėp ulah kasamaran, ejang teh saėnjana, tunggal Dewarutji estu, anu keur tadi di luar.

Sabab mungguh Nu Sadjati, di mana-mana ge aja, hěnteu arah hěnteu ěnggon, teu indungan teu bapaan, sarta hěnteu anakan, teu didjė-něngkeun ku batur, sipat Langgěng tur Ti Heula."

Putjung

Bima bĕngong olohok lami kalangkung, tĕras sasauran : „Kula masih keneh helok, ari tadi poek teh naon hartina?”

Dewarutji ngawalonna bari imut : „Harti poek tea, eta mah sasmita bae, minangkana urang „aja di euweuhna”.

Tĕgĕsna teh aja tapi teu ngawudjud, teu atjan gumĕlar, atjan ngadjirim katembong, anu matak tas poek tuluj braj tjaang.

Minangkana urang geus gĕlar ngawudjud, aja di kieuna, tapi sanadjan kitu ge, atjan boga akal budi pantjadria.

Tjoba hidĕp ajeuna mangka saestu, sing tĕgĕs sing awas, nĕngĕtan anu katembong, manggih naon djeung djiga naon rupana?”

Ladjĕng Bima ningal ka gigir ka pajun, ka luhur ka handap, ka pungkur dilieuk kabeh, langkung aneh bĕt teu aja nu katingal.

Jaktos tjaang tur paningal teu kaganggu, nanging opat madhab, katut luhur-handap kosong, titingalan lowong teu aja tungtungna.

Harita teh duka di handap di luhur, asa teu kantėnan, ku Bima nėmbe karaos, jen sampean hėnteu aja nu didampal.

Sahandapeun sampean teh kosong suwung, luhureun mastaka, sami bae suwung keneh, matak helok teu uninga lėbah mana.

Sabot kitu ningal tjahja njorot ngėmpur, pirang-pirang warna, beureun bodas hedjo koneng, paul wungu hawuk kajas wulung djingga.

Mun diitung geus tangtu mangrebu-rebu, pasėlup-pasėlang, padjeudjeut patjorok-tjorok, mungguh nganjam pasusun patumpang-tumpang.

Bima njaur ka Dewarutji nu luhung: „Titingalan kula, aja tjahja ewon-ewon, mun dibilang warnana moal kabilang.

Naon tea hartina anu saestu, kula hajang tėrang.” Dewarutji pok ngawalon: „Eta tjahja lir kahajang pantjadria.

Kahajang teh mun diitung teu kaitung, taja kaseubeuhan, djeung asalna kahajang teh, mėdal tina gėtėr pantjadria tea.

Panon tjeuli letah kulit reudjeung irung, baroga kahajang, tur lain sarupa bae, djeung teu punah ku sakali ditédunan.

Lamun eta kabeh kahajang digugu, taja panjangandĕtna, „hawĕk” tea ngaranna teh, balukarna nja matak djadi ngaruksak.

Nu geus puguh matak ngarugikeun batur, disĕbutna murka, mawatna kana bĕdĕgong, di-barĕngan tĕlĕngĕs gangas tur djahat.

Hĕnteu era goroh bohong nipu malsu, teu nolih nu lian, gĕpeng pĕdjet mangsabodo, asal bae manehna ngeunah sorangan.

Saupama eusi dunja djiga kitu, pasti moal aman, tangtu kusut djeung tjerewed, itu ieu silih gĕmpur silih arah.

Sabab nadjan kahajang tea diturut, lulus ditjumponan, ngan saheulaanan bae, ĕngkena teh hajang deui malah tambah.

Ku hal eta urang kudu bisa mĕgung, djeung mangkring kahajang, ulah sagala didolos, sabab tangtu moal hade balukarna.

Ajeuna mah hidĕp oge ĕnggeus tangtu, ngar-

ti maksud ejang, tjing tjoba ajeuna tendjo, tjahja tea gumulungna sabaraha?"

Bima tjéngkat nigali tjahaja nu ngémpur. bët luslës teu aja, kantun opat nu katembong, warna hideung koneng beureum saréng bodas.

Pok undjukan ka Dewarutji nu luhung: „Ejang eta tjahja, kari opat nu katembong, naha naon eta tjahja teh hartina?"

Nu ditaros ka Bima alon ngawangsul: „Eta opat sinar. „eusi” djasad nu sajaktos, nu tilu teh sok mangaruhan nu bodas.

Tjahja hideung karép atawana napsu, ari nu koneng mah, budi-akal hartina teh, tjahja beureum wawanen anu sanjata.

Sinar bodas kasutjian anu estu, bërèsih tur njatjas, watékna sadrah tur saleh, tara sieun tara guguan rendjagan.

Hideung koneng djeung beureum eta nu tilu, upama nangtungna, dina tatapakan hade, matak bagdja mawat rahardjaning dunja.

Tapi lamun serong nangtung dina kiruh, tangtu pamawana, kana goreng djeung page-treng, matak sangar dunja teh awut-awutan.

Urang papaj hidji-hidjina sing puguh, sinar hideung tea, tégésna napsu nu jaktos, napsu tea témpat ngumpulna kahajang.

Gėrakna teh dina karėp reudjeung maksud, upamana tea, napsu karėp djeung maksud teh, ditudjukeun kana hidji kahadean.

Dibarėngan ku akal budi nu alus, tjukup wawanenna, prak didjalankeun sing saleh, tangtu pisan matak djadi kasėnangan.

Nadjan maksud tea teu parėng dikabul, hėnteu matak tjatjad, urang moal kapigoreng, sabab lain ngalampahkeun kadjahatan.

Sabalikna saupama eta napsu, dilojogkeunana, kana maksud nu teu hade, dibarėngan ku wawanen reudjeung akal.

Tangtu pisan matak ngarugikeun batur, sarta madawana, nja ka awak urang keneh, moal hėnteu badan anu katėmpuhan.

Awal ahir malindėсна teh geus tangtu, urang ngarandapan, „bubuatan” urang keneh, moal burung njėri peurih nu kapėndak.

Napsu tea upama tĕrus digugu, mo aja seu-beuhna, tampolana tuluj mĕrod, diawĕrna nja eta ku budi-akal.

Budi-akal nu dipake mangkring napsu, sangkan teu tjilaka, „tĕmahwadi” ngaranna teh, mun saimbang ngaranna djadi „wiwaha”.

Mungguh napsu djadi panggĕdena musuh, lamun teu ditahan, pohara ngagaksakna teh, tara eureun lamun badan tatjan ruksak.

Sabalikna mun djalma teu boga napsu, matak taja hodjah, kitu-kieu masabodo, kintjup kĕmba djalma euweuh kabudajan.

Paeh karĕp djalma anu suwung napsu, sagalana sungkan, kitu ĕmbung kieu hese, hĕnteu beda ti artja aja njawaan.

Tjindĕkna mah mungguh djalma anu hirup, katjida pĕrluna, kaantjikan ku napsu teh, ngan makena kudu reudjeung kira-kira.

Kinanti

Sinar hideung teh sakitu, sinar koneng boga harti, sasmitaning budi-akal, ieu teh anu utami,

mun dipake kahadean, matak njalamētkeun diri.

Djeung matak guna ka batur, tiis dingin sēpi tingtrim, kërta dumeh taja murka, silih asuh silih asih, silih djaring silih djaga, pada-pada mahluk Gusti.

Tapi mun pake teu puguh, eta akal reudjeung budi, moal kurang mamalana, ka nu lian matak rugi, ka urang moal djamuga, da kabëndon ku Jang Widi.

Dunja tangtu djadi kusut, lidig dumeh kagiridig, ku paněka akal djahat, geuleuh ku rëndahna budi, pinuh kēbėk ku basilat, tipu palsu linjok litjik.

Tapi mungguh Maha Agung, tangtu pisan moal widi, laku djahat tara lana, awal ahir sok kabasmi, sok aja bae djalanna, geusan apēsna nu djulig.

Djalan untung meunang nipu, nadjan sugih moal muklis, nadjan beunghar moal mulja, wawalēsna sok kapanggih, sanadjan hēnteu ku urang, ku anak intju mah pasti.

Djadi tjindékna nu puguh, eta budi-akal tadi, buktina mah kapintĕran, katut elmuna sakali, ieu teh tjara pakarang, anu seukeut sarta lantjip.

Bisa mahala-mahaju, mahalana anu pasti, mun dipake kagorengan, matak tiwas matak rugi, tapi ari mahajuna, mun dipake amal muklis.

Mun ilmu pake tutulung, paedahna lahir batin, mun ilmu teu djeung amalna, ieu mah pasti mubadir, lir damar teu djeung tjaangna, taja gawena saeutik.

Mungguh djalma luhur ilmu, mun dipake ka nu hasil, mawat rea sobat kadang, pada neang pada njungsi, malah mun urang teu aja, ditaranjakeun geus pasti.

Teu tjara ka nu balilu, aja euweuh teu paduli, aja sasat teu katara, euweuh teu ngarasa leungit, lir nu teu abus itungan, dianggap tjara ka angin.

Ari anehna teh ilmu, mun beuki luhur diulik, urang teh beuki ngarasa, katunaanana diri, ngarasa kurang katĕrang, dibanding djeung ilmu tadi.

Sihoreng elmu Jang Agung, lir sagara tanpa tēpi, lir gunung tanpa tutugan, teu aja geusan ngabanding, tina kareanana, diwintjik moal kawintjik.

Tjahja koneng teh sakitu, tjahja beureum nu kawarti, eta teh djadi sasmita, tjiri jen gēde kawani, watékna wawanen tea, bisa ngadjung-djungkeun diri.

Karana anu geus tangtu, djalma wani sok dipudji, ari „warna” wani tea, rupa-rupa lain hidji, tur rupa-rupa larapna, boga tempat masing-masing.

Aja wani kana tarung, gēlut reudjeung rēbut djurit, tatandang ngētohkeun njawa, teu inggis begalan pati, tah anu kieu ngaranna, disebut „wani pradjurit”.

Aja deui wani „tuhu”, teu inggis nadjan dipuntjit, ngabelaan bēbēnēran, ngalakonan sipat adil, teu rēntag diantjam pēdang, asal tētēp dina adil.

Ari wani nu katilu, disebutna „wani sutji”, hēnteu gēdag ku panjawad, hēnteu isin hēnteu

adjrih, da jakin jen lampah halal, tur ka batur hēnteu rugi.

Wani kaopat katiatur, nu disēbut „wani ba-tin”, utjap rengkek sahinasna, hēnteu dipandang-dipinding, hēnteu ad-ad teu rumēgag, ngēdalkeun kērētēg ati.

„Wani-wadel” mah nu tanqtu, teu nolih diri prihadi, rugi atawa balangsak, tērkadang nē-mahan pati, asal nu lian waluja, bisa katulung kadjait.

„Wani-lara” anu puguh, sanggup nandangan kanjēri, atawa kaprihatinan, geusan ngudag maksud sutji, daek sadrah tur wajahna, asal maksud bisa hasil.

Ajeuna wani katudjuh, „wani-samar” nu sa-jakti, sanggup mapaj nu teu njata, tur matak behja ka diri, neangan nu tjan kapēndak, makajakeun nu pandeuri.

Tah eta wani nu tudjuh, mun barēng djeung napsu bērsih, dibarung ku akal waras, djeung kasutjian nu wēning, tanqtu matak hardja dunja, taja kakurang saeutik.

Sabalikna tina kitu, mun eta tudjuh kawani, dibarèngan ku dursila, harti sutjina ge leungit, nja djadi „wani-danawa”, atawa „wani-hewani”.

„Wani-danawa” teh tangtu, taja duduga pamilih, santral-sontrol tjara buta, ngujup nguntup ieu aing, ka lawan njatjampah pisan, tuangtungna tjilaka diri.

„Wani-hewani” meh kitu, ieu mah ngabela diri, sateka-teka ngalawan, tapi teu make didjir, lir ngamuk bagong bajangan, geuning teu wéleh ngaguling.

Mungguh wani nu saestu, pasti dibarèngan budi, mèkar di huripna akal, sarta karèpna ge bèrsih, teu malar hajang katangar, teu mambrih sadji djeung pudji.

Moal nguntup ka nu lèmbut, moal wani ka nu leutik, moal nangtang ka nu handap, moal milih geusan tanding, moal njiar geusan lawan, ribut gujur teh dipahing.

Ajeuna anu katjatur, hal tjahaja anu putih, sasmitana kasutjian, ari watèkna nu sutji, suwung tina kagorengan, bèrsih sadjatining bèrsih.

Numbuk pakewuh teu ewuh, manggih kasédih teu sédih, mëndak lara geus teu lara, njëri teu dipikir njëri, dianggap beungharna rasa, rasa pangasih Jang Widi.

Nganggap gandjaran Nu Agung, nambah sugih rasa diri, tērang di ewuh di susah, jakin ka njëri ka sédih, tētēp sadrah suka lilah, sumērah lahir djeung batin.

Tapi sadjéroning kitu, manehna teu tinggal wadjib, nja eta wadjib ihtiar, ieu mah kaitung misti, sabab geus hakna manusa, ihtiar satingtung hurip.

Karana mungguh Jang Agung, teu ngarobah takdir djalmi, mun hēnteu si Djalmi tea, ihtiar ngarobah takdir, usaha sabisa-bisa, tapi ulah bari mungkir.

Djalma nu sutji linuhung, hatena tanding djaladri, lēga djēmbar lir sagara, tētēp teu kiruh teu bėning, nadjan rea tjai tjah, ngamuara ka djaladri.

Sagara teh moal kiruh, tapi sabalikna deui, sanadjan katinggang hudjan, unggal poe unggal peuting, laut moal tambah herang, anggēr saasal nu murni.

Nja kitu djalma nu luhung, ku djalma nu rëndah budi, teu burung pake kangewa, djadi binih sirik-pidik, djadi tjëtjéla wawada, lahan pamitjeunan dëngki.

Sanadjan dipikagiruk, didjieun bahan kaidjid, digogoreng dipepenal, digeugeuleuh dirurudjit, dibaledog ti poekna, nu sutji mah tëtëp sutji.

Djeung sabalikna ti kitu, nadjan diheman diasih, dipudji dipudja-pudja, nu sutji teu tambah sutji, anggër sakitu-kituna, teu robah ti nu sadjati.

Estu bagdjaning nu hirup, upama geus bisa sutji, bërsih ti rërëgëd dunja, taja noda lahir-batin, nampa sadjatining rahmat, mungguh djalma anu sutji.

Ngan handjakal warna tilu, sok mangaruhan ka putih, sëring ngelehkeun ka bodas, ngalunturan ka nu sutji, dasar kitu watëk dunja, hese dibawana bërsih.

Warna nu opat teh estu, eusina djasad pribadi, ngantjik dina badan urang, tumpak parahu rohani, dikamudina ku djiwa, diwëngku ku tëmah wadi.

Kitu deui warna sewu, nu ti heula katingali, ngantjikna di badan urang, kari kumaha pribadi, diumbar djeung dipangkringna, rebuan kahajang tadi.”

Dandanggula

Pandjang pisan wédjang Dewarutji, babakuna bab kasampurnaan, jen hirup teh kédah sae, laku sinaréng kalbu, kédah bérésih ulah rek djail, margi nu djail tea, awal ahir tangtu, sok pinanggih wawalésna, djalma djahat moal rek djamuga diri, kudu bae doraka.

Nadjan pintér pinandita watjis, luhur elmu djëmbar kauninga, upami manahna serong, hirupna hamo mulus, nadjan beunghar tur sugih mukti, menak tur luhur pangkat, saupami hasud, tangtos surud komarana, hukuman teh isuk pageto kapanggih, urang mo bisa mungpang.

Taja batan hirup silih asih, mēdal tina wēninging wērdaja, nadjan sakapeung sok sewot, lain sewot ku hasud, sewot mēdal tina trēsnaasih, ibarat hidji bapa, atawana indung, anu ngarangket anakna, bēnēr sewot tur meupeuh teh matak njēri, tapi lain ku ngewa.

Meupeuh mēdal tina rasa asih, neunggeul soteh ngawarah ka anak, malar budak djadi kapok, tah njēri bangsa kitu, moal matak djadi njungkēlit, dumeh sungapanana, lain hate kiruh, djadi ku lantaran eta, urang hirup kudu ngagē-dekeun asih, trēsna njaah djeung wēlas.

Watēk asih matak repeh-rapih, hirup tēng-trēm anggang ti hariwang, estu djēdjēm djudjur djongdjon, nungtun kana rahaju, pērbawana djamuga diri, lantaran rea sobat, nu satia tuhu, panarikna asih tea, sahēnteuna sok matak murah rēdjēki, dumeh rea nu haat.

Anu hēnteu kaantjikan asih, leuwih rēndah batan sato-hewan, geura pek ku hidēp tendjo, nadjan bangsaning maung, nu galakna kaliwat saking, maung ngagalaksakna, keur hakaneun wungkul, ngan sakadar mun keur lapar, kitu soteh ka anakna mah pribadi, lapar ge teu ngahakan.

Malah lamun beuteungna keur buntjir, aja kidang liwat ge teu ngudag, ukur gagauran bae, moal teu puguh-puguh, galak ganggu ka sato leutik, nu lain mamangsanna, eta ninggang maung, atuh komo djēlēma mah, ganggu djail kudu dipahing dipangkring, sing djadi gudang trēsna.

„Ajeuna mah he Bima anaking, geuwat mēdal tina awak ejang, hade hidēp luntjat bae.” Barang Bima ngadangu, pilahirna Sang Dewarutji, ladjēng bae djlēng luntjat, hēnteu puguh tudju, luntjat saluntjat-luntjatna, langkung kaget barang andjeunna ningali, aja di lēbēt kamar.

Dina lēbēt kamar ēmas rukmi, tēngah bumi tilas handjat tea, Bima kaget rarat-reret, ningali nu tjinutrunng, sidik pisan jen Dewarutji, ka Bima pok mariksa, tur teu kēndat imut. „Ajeuna hidēp kumaha, naha arek keukeuh bae njiar tjai, sakahajangna Dorna.

Eta tjai Pawitra nu sutji, di dunja mah tetela teu aja, ngubēk sakolong langit ge, tangtu moal katimu, ku lantaran ajana tjai, ngan wungkul di sawarga, sabab tjai kitu, ngan wungkul leueuteun Dewa, ku hal eta hidēp oge mēnding balik, ulah tuluj neangan.”

Bima njaur ka Sang Dewarutji: „Wulang ejang dirēgēpkeun pisan, kula moal pindo gawe, mun sidik moal nimu, ajeuna ge kula rek balik, tapi boga pamenta, lamun ejang sapuk, kula teh ku hajang meunang, Tji-Pawitra tembongkeuneun ka Sang Rēsi, jen kula hēntu gaplah.

Dumeh kula tadina geus djangdji, sanggup mawa Tji-Pawitra tea, djadi mun seug kula lengoh, hartina kula palsu, ngabobodo ka Maha Rësi, kula mah ěmbung tjidra, sumawon ka guru, dalah ka budak satĕpak, teu kaduga udar djangdji lantja-lintji, sieun bisi doraka.

Tjindĕkna mah daek kula balik, tapi bari mawa Tji-Pawitra, batan lengoh kadjeun maot, njawa kula ditjabut, tadina ge geus paeh geuning, ku ejang dihirupan, atuh ejang kudu, daek ka-tĕmpuhanana, lamun ejang ka kula teu mere tjai, kula kudu paehan.

Sina paeh deui tjara tadi, lĕp diteuleum ka dasar sagara." Kitu pihatur Bima teh, Dewarutji ngawangsul: „Putu ejang nu lĕmpĕng pikir, ejang bungah katjida, nguping hidĕp kitu, tuku kana bĕbĕneran, tjĕpĕt bĕnĕr keukeuh-pa-geuh kana djangdji, njata hidĕp prawira.

Geusan tanda ejang bungah ati, ieu tjĕpuk ku hidĕp tampanan, ari eusina tjupu teh, Tji-Pawitra nu mashur, pek tembongkeun ka Dorna Rësi." Bima bungah katjida, geus nampanan tjĕpuk, Dewarutji mindo njabda: „Djaba eta ejang teh arek maparin, samping ti Kadewatan.

Disébutna Bang-Bintulu-Adji, djeung sok nĕlah si Tabla-Kantjana, buktina mah samping poleng, kotak-kotak lir dadu, opat warna lir sinar tadi, hideung nu mimitina, djeung koneng pasĕlup, disĕlangan beureum bodas, hartina mah ku ejang ge geus diwintji, sasmita tjahja tea."

Bima atoh anu tanpa tanding, nampi tjĕpuk reudjeung sindjang tea, malah harita dianggo, eukeur mah bakat pangguh, ajeuna teh djabi ti ginding, wuwuh gagah tur gandang, surup tangtung pamuk, matak gigis lamun tandang, lir Batara Kala rek ngagĕmpur bumi, nja rosa nja prakosa.

Dewarutji sasauran deui: „Ajeuna mah hidĕp hade mulang, da geus hasil tjaina ge, djung ka Amarta wangsul, sabab ibu djeung Kang Darmacji, reudjeung adi sadaja, mĕlangna kalangkung, malah lamun hidĕp datang, tangtu njon-dong kakang Kĕrsna nĕmbe sumping, dumeh sami mĕlangna.

Di Amarta ĕntong lila teuing, kudu tĕrus djung ka Sokalima, di dinja pasti kasondong, djabi ti Dorna Wiku, tangtos aja Sang Kuru-

pati, rěmpěg sapangiringna, nudju guněza tjatur, tah eta pandita Dorna, heug ku hiděp pěrgasa satěngah mati, bongan pandita tjidra."

Bima kaget ngadangu pilahir, salirana dugi ka ngarendjag, ka Dewarutji pok naros: „Ēngke bisi kaliru, kula nanja dumeh teu ngarti, pangdenge tjeuli kula, Dorna teh digěbug, satěngah paeh pěrgasa, naha běněr kitu omong ejang tadi, naha ejang teu salah.

Ejang oge tangtu těrang sidik, jen Dorna teh njata guru kula, mangkaning tjarek papagon, mungguh murid ka guru, kudu ngesto lahir djeung batin, alahbatan ka bapa, sumawon ngagěbug, nambalang oge teu meunang, kula sieun kaběndon ku Maha Sutji, upama njiksa Dorna."

Njeuleukeuteuk Maha Dewarutji: „Deudeuh hiděp Bima putu ejang, ku hiděp mangka kahartos, urang ngahormat guru, memang běněr teu salah deui, tapi palěbah Dorna, nu kudu dihukum, lain „kaguruanana", hukum soteh sipatna nu djail děngki, bongan djahat hianat.

Djalma djahat memangna geus misti, kudu meunang hukum sapantěsna, nadjan guru

djeung ratu ge, mun djulig kudu hukum, sabab kitu mungguhing adil, boh dulur boh baraja, boh handap boh luhur, teu meunang dibedabeda, kaadilan teu bisaeun pilih kasih, kudu rata larapna.

Hidēp oge teu matak pamali, mun mērgasa ka pandita Dorna, diadjar satengah paeh, lain dumeh ka guru, tapi dumeh ka **djalma djail**, supaja ulah natrat, ngadjalankeun hasud, djung hidēp ajeuna mulang, sarta sangkan hidēp gampang ngambah tjai, leumpang teh tapak kantjang."

Ladjēng Bima ku Sang Dewarutji, dipiwēdjang adji tapak kantjang, „**djalasēngara**” nu sohor, hartosna anu tangtu, basa „**djala**” tēgēsna „**tjai**”, „**sēngara**” „**pamohalan**”¹⁾, djadi anu puguh, lir upama pamohalan, mungguh **djalma** bisa leumpang dina **tjai**, kitu ngaran adjian.

Djabi eta aja deui adji, nu disēbat „**Baju Pangawasa**”²⁾, tēgēsna anu sajaktos, hartosna kētjap „**baju**”, tjek Sunda mah nja eta angin.

1) Ilikan: Bacesastra Djawa jasana djoer. W.J.S. Poerwadarminta.

2) Dina pedalangan, magar teh „**Bandung Bandawasa**”.

'hartosna „pangawasa”, teu kédah ditjatur, tjek Sunda ge „pangawasa”, tjohagna mah pangawasa tjara angin, margi Bima mun angkat.

Jasa kēbat gantjang tanding angin, urang ko-tjap adjian nu dua, geus aja di Bima kabeh, sadaja geus kamaphum, ladjēng Bima harita pamit, parantos kawidian, ladjēng Bima kondur, kaluar ti gèdong ěmas, ka buruan ladjēng ngambah kana tjai, bari mapat adjian.

Samemeh djung Bima teh ngalirik, njēlang ningal bumi tadi tea, ngarandjug bawaning kaget, gèdong ěmas geus suwung, ilang musna lēs tanpa lēbih, katut Dewarutjina, Bima ladjēng njaur: „Euh njata pisan teu samar, nu tadi teh Sanghyang Guru Pramesti, lungsur ka martjapada.”

Sakuriling bungking wungkul tjai, ladjēng Bima angkat napak kantjang, dina beungeut tjai entjer, lir napak dina batu, hēnteu abus ka djēro tjai, angkat mung sakolepat, ka darat geus tjunduk, gidig angkat saba alas, hēnteu sēsah nadjan nJORANG leuweung rumpil, ku pērwatēk adjian.

Sinom

Urang sigeug heula Bima, katjarios hidji nagri, Dwaraka nu djëmbar hardja, tjek urang mah Darawati, anu djënëng Narpati, Sri Krësna titisan Wisnu, pernah misan Pandawa, Sang Nata kamashur sakti, widjaksana linuhung gëlar Batara.

Jasa ngapung ngambah mega, sinarëng ngilës ngaleungit, kitu deui mindarupa, djeung triwikrama ¹⁾ teh gampil, djimatna rupi-rupi, pandjang upami ditjatur, mung sarupi nu kotjap, nja eta këmbang panghurip, nu katëläh sëkar Widjajakusuma ²⁾.

Pakarangna Sang Nalendra, sëndjata tjakra adjaib, nadjan gunung pasti pujar, katiban ku tjakra tadi, saat nadjan djaladri, katinggang pakarang Wisnu, katjatur salirana, Sri Krësna teh djangkung alit, bangun tjangkër tangginas rikat rantjingas.

1) Tri = tilu, wikrama = langkah. Dina keur ngadjadi ageung iasa ngurilingan dunja ku tilu langkah.

2) Dina padalangan. djimatna teh: këmbang Widjajakusuma, beling bundër Lopitan, tjupu manik Astagina, karembong Turagadjati dj. r. r. d.

Hideung pakulitanana, nanging léléh sarta sari, Sang Prabu saréng Pandawa, mimitran rukét tur dalit, tur ku djalaran wargi, Sri Krésna ge séring rawuh, ka Nagara Amarta, bari barémpag pèrkawis, nu patali djeung bagbagan ngéreh pradja.

Malah dangét ieu pisan. Batara Krésna nu sakti, nudju linggih di Amarta, barémpag djeung Samiadji, misaurkeun kang raji, Bima nu angkat ka laut, taja wartos-wartosna, naha jasa mulih deui, lamun pupus di lébah mana lajonna.

Sabot ngariung sadaja, bét torodjol Bima sumping, atuh anu masamoan, kaget bari bingah galih, Kunti mah mungguh nangis, Bima dirontok dirangkul, sadaja sosoan, para raka para raji, rupi-rupi papariksana ka Bima.

Galantang Bima popojan, njarioskeun waktu tadi, ti barang djung ti Amarta, dumugi ka mulih deui, gémét pisan diwintjik, hěnteu aja nu kalarung, sami heran sadaja, ngadangu anu wawarti, dalah Krésna hěntu liren gogoděgna.

Bima ngirab-ngiréb sindjang, paparin ti Dewarutji, polong Bang-Bintulu tea, barina nembongkeun tjai, nu dina tjėpuk alit, ka sa-

derek djeung ka ibu, sadaja sami bingah dumeuh maksad Bima hasil, mudji sukur ka Gusti Nu Sipat Murah.

Sanggeus waräg sosonoan, Bima ka kang ibu pamit, nja kitu ka para raka, sinarëng ka para raji, këršana angkat deui, ngabudjëng ka Dorna Wiku, di depok Sokalima, sëdjana mintonkeun tjai, bari bade „ngawarah” pandita djahot.

Hënteu ngantos widi heula, ka Sokalima ngagidig, kaget sugri nu ditilar, margi geus hënteu sak deui, nu di Astina nagri, upami sami ngadangu, jen Dorna dipërgasa, tangtos moal lépat deui, ka Bima teh sadajana ngaraponan.

Enggalna sadaja budal, Krësna sarëng Sëmiadji, kairing Drëstadjumëna, patih nagri ipar Gusti, Ardjuna kitu deui, Nakula Sade-wa katut, urang kotjapkeun Bima, ka Sokalima geus sumping, harita teh nudju karëmpël sadaja.

Maha Prabu Sujudana, kërsa rurumpaheun sumping, Baladewa sarëng Karna, Djajadrata kitu deui, Dursasana ge ngiring, Aswatama mah geus puguh, parëng nudju barëmpag, pasal nu milari tjai, dipastikeun Bima pupus di sagara.

Ajeuna mah longsong manah, asa geus pumah kanjĕri, upami geus taja Bima, Pandawa leungit titindih, ngajonanana gampil, digĕmpur geus tangtos tumpur, sadaja sami bingah, mudji „kapintĕran” rĕsi, Dorna atoh reh dipudji ku sadaja.

Nanging teu lami bingahna, kabudjĕng djol Bima sumping, sadaja kaget ngarendjag, komo ieu rada pangling, ku sindjang djeung parangi. aja bĕngis bari lungguh, Bima pok sasauran: „He arandjeun nu tjaralik, ulah kaget ieu kula Bima tea.

Nu ku maneh sarerea, ditipu diarah pati, dasar kami tanpa dosa, bĕt rahaju balik deui, malah djeung mawa tjai, tah ieu di djĕro tjupu.” Ladjĕng tjĕpuk dibuka, kaget sugri nu ningali. tingpolongo teu aja nu sasauran.

Lami pating olohokna, mung saena Maha Rĕsi, teu tĕtĕrasan kasima, Dorna ka Bima ngalahir, njĕmukeun bingah galih: „Haturan bagea tjunduk, paman bungah katjida, sarehing kang putra sumping, tur wiludjĕng boro mah paman teh mĕlang.

Sukur bagdja kamajangan, komo ieu njan-dak tjai, tjing tjobi paman ningalan, leuh euleuh handjakal teuing, djalaran ieu tjai, hēnteu tu-len nanging palsu, sanes tjai Pawitra, atuh sa-geuj sutji matih, da ieu mah tjihudjan kenging nandean."

Bima nempas ka Pandita, bari pasēmonna bēngis : „Ieu teh tjai Pawitra, anu tulen sarta sutji, paparin Dewarutji, ti ditu ti puseur laut!" Dorna teh kahaturan : „Ah asa piraku teuing, tēpang sarēng Dewarutji di sagara.

Bilih putra teu uninga, nu disēbut Dewarutji, eta teh Sang Djagatnata, Batara Guru Pramesti, djadi asa mustahil, sinarēng putra patēpung, komo saur putra mah, dugi ka maparin tjai, ulah bohong bisi kasiku ku Dewa.

Ieu tjai teh ku paman, rek dipitjeun da teu asli." Sarta tjēpuk teh ditjandak dek dibahe-keun ku rēsi, mung aneh liwat saking, bēt ana djlēg teh di pajun, Dewarutji nembongan, ba-rina ngarēbut tjai, sarta bari sasauran ka pan-dita.

„Eh maneh pandita Dorna, maneh ka kami mo pangling, djeung kami nu matak datang.

ngan sakadar djadi saksi, supaja kabeh jakin, jen ieu nu dina tjěpuk, sidik tjai Pawitra, Bima nampana ti kami. djaba eta maneh teh mangka waspada.

Kami ka Bima ngidinan, ngagěbug reudjeung ngagitik, njiksa ka djalma dursila, bongan maneh djail děngki, nadjan guru tur rěsi, mun djahat misti dihukum." Saparantos ngandika, Dewarutji ngilěs deui, Bima rikat njandak tjěpuk Tji-Pawitra.

Těras dileueut tjaina, raraosan asa salin, sapěrtos radja pandita, anu baris pupus sutji, ku sampurnaning pati, mandjing ka sawarga agung, kotjapkeun deui Dorna, sangilěsna Dewarutji, ladjěng sudjud nawiskeun hormat ka Dewa.

Asmarandana

Barang Dorna tjěngkat deui, Bima njaur ka pandita: „Paman pangapuntěn bae, muga hěnteu rěngat manah. kula arek nanganan, rek ngahukum djalma hasud, djail ka tunggal manusa.”

Pandita reuwas ngadjěrit, sasambat tulung-tolongan, ku Bima digusur bae, ditjandak ka

těmpat lěga, barina ditjabokan, ditondjok bari ditumbuk. Dorna něpi ka lěslěsan.

Mun seug teu ninggang di rěsi, nu pěpěk adjianana, kawasna moal teu maot, kotjap nu kěmpěl sadaja, pangpangna Aswatama, rabul ka Bima maruru, kěrsana dek ngaraponan.

Saena bae djol sumping, Judistira ti Amarta, sinarěng para saderek, Nakula tangginas rikat, měgatan Aswatama, duaan papukět gělut, tur sami-sami napsuna.

Drěstadjuměna papatih, amprok sarěng Djajadrata, ari gok ari prung ragot, silih tondjok silih sepak, katjatur Dursasana, sarěng Sadewa patěpung, tur sanes pisan tandingna.

Dursasana ngalinggirik, djangkung ageung salirana, buringhas pasěmon sewot, nanging ari Sadewa mah, djalantir salirana, mung tangginasna kalangkung, sing sarwa rikat lir kilat.

Lir gagak reudjeung srigunting, teu kalis ku eleh awak, srigunting njamběr djeung matjok, gagak anu kawalahan, nja kitu Dursasana, sěring ngudupung tisuusut, bohak tuur bundas tarang.

Dipati Karna kawarti, patëpang sarëng Ardjuna, sasat „musuh ti bareto”¹⁾, atuh teu pandjang patanja, sami mësät wangkingan, silih tëwëk silih suduk, sapantar manggih tandingna.

Sang Baladewa Narpati, teu ngiring mëdal ka latar, malah mesëm imut bae, nulak angkeng muntir rumbah, njaur ka Sujudana : „Tah kumaha ari kitu, saha nu këdah nanggëlna.

Sanggëm kakang oge geuning, kapëngkër geus seseapan, wawadi hënteu diwaro, tah ajeuna kabuktian, djeung deui sanggëm kakang, hënteu bade ngiring tjampur, kana hal ieu urusan.

Mangga beberes ku jaji, bongan nu kagungan pokal, nja ajeuna mangsabodo, ulah ngababantun kakang, kakang mah hënteu kirang, ngawawadian kapungkur, asana kirang kumaha.

Jaji teh djënëng Narpati, agung teu aja kakirang, nanging manah jaji serong, nja ajeuna kenging wirang, përbawa gawe tjurang, bongan manah lir kasarung, sirik ka djalma saurang.

Naon dosa Djudipati, ku jaji diarah njawa, dume eta keur bareto, jaji kawon silih gada.

¹⁾ Aos „Pandawa Djadjaka” (Mahabarata).

neuteuli ka ajeuna, dulur misan bêt disatru, jaji teh teu kira-kira.

Lain disambat diasih, supaja bageur ka urang, dilajeutan dipihade, diarah repeh-rapihna, dipalar bumelana, hade goreng ge djeung dulur, ulah tega ka baraja.

Kakang teu ngarti ku jaji, saumur teh ngan prasangka, ka batur sok njangka goreng, sapandjangna ngan tjuriga, timburu djeun rarempan, batur teu kieu teu kitu. ditërka arek ngarinah.

Prasangka kitu teh jaji, bibitna panjerewedan, nu hade ge djadi goreng, nu rek njaah djadi ngewa, rek bela djadi nukang, tungtungna ngagajuh musuh, tjing lëbah mana ngeunahna?"

Sujudana tungkul isin, teu iasa sasauran, ajeuna sidik karaos, jen sakur panggawe ala, tara aja nu lana, awal ahir sok kabitur, isuk pageto katohjan.

Sabot kitu djol nu sumping, Krësna sarëng Judistira, atuh wuwuh lingsëm bae, komo ngadangu Sri Krësna, seueur seueur saurna, jaktos ge leuleuj tur lëmu, nanging njëri ka raosna.

„Jaji Prabu Kurupati, kakang tēbih-tēbih dongkap, sapērkawis bangēt sono, wireh geus lami teu tēpang, dupi kaping kalihna, sarehing ngaraos paur, hariwang ku polah Bima.

Inggis bilih nguwak-ngawik, ngamuk di nagri Astina, mulangkeun kanjēri hate, ku jaji oge kamanah, Bima teh moal sēnang, wantu sina puput umur, dipērdaja sina tiwas.

Ajeuna tuh itu bukti, djadi ibur huru-hara, dupi nu djadi margi teh, salira djēngraji pisan. margi manah sarakah, djadi ratu ngumbar napsu, djadi radja purah tjidra.

Narpati leungit pangadji, radja ilang komarana, upami manahna bengkok, parentahna hamo teurak, timbalan teu dajaan, pangagung surud pangaruh, upami ngarah-ngarinah.

Mun pangasuh nagri rudjit, nagara ge tangtu sangar, rajat retjok hamo repeh, silih arah djeung baturna, silih rēbut pakaja, gudjrud di dieu di ditu, taja kakērtaanana.

Teu tjara apik nu ngaping, toweksa nu ngamong-mongna, bērsih ati saleh hate, bebas tina

pangarahan, wungkul trēsna ka somah, nagara geus tangtu nandjung, aman kërta tur rahardja.

Ninggang di salira jaji, djadi radja mung ngaranna, ka rajat mah masabodo, mung ngurus sĕnang salira, hawĕk ku kamuljaan, si Lĕmbut hĕnteu diurus, teu didjaga kasusahna.

Padahal jaji diaping, ku pangagung pirang-pirang, nanging lĕpat milihna teh, ka nu maparin timbangan, ngagugu ka nu sasar, nu njĕmukeun rĕmpag rudjuk, padahal mah „ku-mawula”.

Wungkul mihapekeun peudjit, djeung nitipkeun kalungguhan, pikir budina mah kosong, nanging ka nu sahinasana, waleh nawiskeun njaah, jaji teh kalah sok bĕndu, ngaraos dihalang-halang.”

Saur rintih matak peurih, kĕtjap adab matak ngĕntab, bangĕt isinna Sang Katong, raraj mungguh sisiakan, ngutjur tjikaringĕtan, tumungkul dugi ka ngĕluk, geus teu tjĕngkat-tjĕngkat atjan.

Mung Sang Prabu Sĕmiadji, anu hĕnteu sasauran, manahna bangĕt hawatos, ka kang-

raka Sujudana, diseuseul ku Sri Krēsna, sarēng ku Mandura Prabu, sanadjan jaktos lēpatna.

Dasar Prabu Sēmiadji, radja lautan hampura, komo ngemutkeun saderek, emutanana geus tjēkap, sēmēt kawiwirangan, teu kēdah ladjēng dihukum, hapuntēn bae dosana.

Judistira pok ngalahir: „Kakang Prabu Sujudana, bubuhan urang saderek, sanadjan mung ukur misan, nanging ari kuring mah, nganggap teh saderek estu, hēnteu mangmang hēnteu malang.

Kalēpatan raka Adji, agēng hēnteu kira-kira, margi ngahutangkeun maot, numutkeun hukum adil mah, sanadjan kakang radja, teu kenging hēnteu dihukum, samistina djalma djahat.

Margi kakang ngarah pati, Bima anu tanpa dosa, tur masih pērnah saderek, kadjurung ku tekad djahat, turta dēmit djalanna, ditipu ku djalan lēmbut, sakongkol djeung paman Dorna.

Nanging sanadjan geus sidik, jen kakang tetela lēpat, kuring ngahampura bae, dumeh Bima ge waluja, didjaring ku Pangeran, hēnteu tulus puput umur, pērbawa bērsih hatena.

Kakang mangga bae mulih, di dieu ge ngadon wirang, mung samemeh djung mulih teh. anu tarung sapih heula, babakuna Ardjuna, sarěng Karna silih suduk, bilih aja anu tiwas."

Enggalna anu digurit, Krėsna miwah Baladewa, sarěng nilar Maha Katong, ngabudjěng Ardjuna Karna, Baladewa męgatan, ka Karna nu nudju napsu, bari ngarėbut wangkingan.

Lahir Baladewa adji: „Ulah waka luluasan, jaji ngabelaan naon, ulah mangmeunangkeun Dorna, pandita bėlang bajah, wiku ge ratuning hasud, piraku rek dibelaan.”

Krėsna mah męgatan raji, newak wangkingan Ardjuna, atuh kandėg nu tarung teh, duanana geus dipisah, pada mępěr napsuna, hėnteu laladjėngan bėndu, rapih deui sabiasa.

Dasar santa sadu budi, teuteureuh tėrah kumsumah, tanda jen prawira tulen, teu aja tapak-tapakna, jen tadi silih arah, ieu mesēm itu imut, gumudjěng patema tangan.

Dupi nu sanesna deui, teu kėdah kantos dipisah, margina liren ku maneh, Dursasana rikat ngėdjat, teu kiat ku Sadewa, Djajadrata oge mabur, mung sanes dumeh teu kiat.

Ngemutkeun ka-teu-teu-ari, ngabelaan Rēsi Dorna, deungeun haseum djalma sedjen, lain dulur lain sanak, tur hēnteu kahutangan, asa hēnteu puguh-puguh, djadi mēnding kumadinja.

Ngan Aswatama nu kari, kitu ge geus taja daja, ngadjēhdjēr tjara nu maot, ripuh ngalawan Nakula, gētih saluar awak, urut tisuusut tiku-sruk, raraheut bohak barundas.

Matak watir Dorna Rēsi, hirup hēnteu hilang tatjan, ku Bima hantēm digēbot, ujuhan hēnteu pasiksak, awahing bantēr tapa, tjatjakan mun sanes wiku, moal hēnteu paburantak.

Ardjuna djeung Sēmiadji, katut Nakula Sadedewa, ka Bima sami ngarontok, ngarēbut salira Dorna, anu pinuh ku mokla, ku Ardjuna djung dipangku, ditjandak kana kareta.

Ladjēng njaur Sēmiadji: „Meugeus liren jaji Bima, naha bēt kadalon-dalon, njiksa hēnteu kira-kira, asa ēngeus meudjehna, ulah bēt dugi ka pupus, sing emut ka saur Dewa.”

Bima minděl teu ngalahir, ladjēng njampeurkeun Ardjuna, dina kareta kasondong, nudju nangisan pandita, tina bawaning trēsna, ngestona murid ka guru, tur Dorna ka Ardjuna mah.

Taja lěpatna saeutik, nu jaktos mah wungkul njaah, ¹⁾ sasatna ngawowoj ngogo, nja kitu ka Judistira, Nakula djeung Sadewa, lima saderek ngariung, ngaluuhan Sang Pandita.

Njah beunta Dorna teh eling, Bima brėk dėku tjakėtna, bari njaur tur haroshos: „Paman ieu kula Bima, rek menta dihapura, dumeh nanganan ka guru, teu pindo gawe kula mah.

Ngan darma mėtakeun adil, ngahukum so-
teh djahatna.” Dorna ngadjawab harewos:
„Hidėp dihapura pisan, paman tarima salah,
muga agung tjukup lumur, paman menta di-
hapura.”

Guru sinarėngan murid, geus sami silih ham-
pura, itu-ieu punah kabeh, dasar sami prawi-
rana, ladjėng Pandita Dorna, ku Bima tėras
dipangku, dialihkeun ka bumina.

Dipasrahkeun ka Karpini, nja eta garwa pan-
dita, urang enggalkeun tjarios, Baladewa Su-
judana, Karna djeung Aswatama, nu geus eling
humarėgung, ti Sokalima barudal.

1) Aos „Mahabarata”.

Saparantos sami pamit, sami mulih ka Astina, Judistira katjarios, miwah opat saderekna, mulihna ka Amarta, Prabu Krēsna oge kondur, geus mulih ka Meralaja.

Sakitu anu digurit, kirang sarěng langkungna mah, nēda hapuntěn nu maos, tamatna ieu rekaan, Saptu tabuh sabēlas, Desemběr ping tudjuh likur, patpuluh hidji (1941) taunna.

T A M A T

DAP^TAR NGARAN

- Abiasa**, pandita ejang Pandawa
Amarta, nagara para Pandawa
Andadawa, têtgal hara-haraeun
Ardjuna, Pandawa nomêr tilu
Ardjunawiwaha, buku karangan
 Kanwa
Arjaprabu, saderek Basudewa
Asmara, Dewa duriat
Asmara Dahana, buku karangan
 Darmadja
Asti, karuhun Sujudana
Astina, nagara para Kurawa
Aswatama, putra Dorna
Awangga, nagara Karna
Bagawan, Sang —, pandita
 Dorna
Baju, Dewa angin
Bajuatmadja, Bima
Bajuninda, Bima
Baladewa, radja Mandura
Banakéling, nagara Djajadrata
Bandjardjumul, kadipaten Dur-
 sasana
Bang Bintulu Adji, sindjang
 Bima
Barata, luluhur Kurawa djg
 Pandawa
Basudewa, rama Baladewa
Bima, Pandawa nomêr dua
Binasutji, buku Dewarutji-Bali
Bisma, kapi ejang Kurawa djg
 Pandawa
Burisrawa, putra Salja
Bratasena, Bima
Danandjaja, Ardjuna
Darmadji, Judistira
Darmakusumah, Judistira
Darmaputra, Judistira
Darwati, nagara Krêsna
Dasarata, rama Kurawa
Dewabrata, Bisma
Dewarutji, buku lalakon Bima
Djagatnata, Batara Guru
Djajadrata, Kalana —, Satria
 Sindu
Djakapitana, Sujudana
Djanaka, Ardjuna
Dja(h)nawi, Ardjuna
Djudipati, Aria —, Bima
Dorangga, gunung tèmpat buta
Dorna, pandita guru Kurawa +
 Pandawa
Drêstadjumêna, patih Amarta
Drupadi, geureuha Judistira
Durjudana, Sujudana
Dursasana, saderek Sujudana
Dwaraka, nagara Krêsna
Gadjahwaja, Astina
Ganda-Wastratmadja, Bima
Guru, Batara —, Maha —, Maha
 Dewa
Indra, sêsêpuh para Dewa
Indratanaja, Ardjuna
Jamuna, walungan di India
Judistira, radja Amarta
Kala, Batara —, raksasa ka-
 Dewan
Karna, Adipati Awangga
Karpini (Kêrpini), geureuha
 Dorna
Kawi, basa di pulo Djawa ba-
 heula
Kiriti, Ardjuna
Kombajana, Dorna

Konca, Judistira
Krésna, radja Darwati
Kumbalwali, Ardjuna
Kuntadi, Ardjuna
Kunti, ibu Judistira, Bima, Ardjuna
Kuntibodja, rama Basudewa
Kuntisuta, Ardjuna
Kurawa, Sujudana katut saderekn
Kuru, karuhun Kurawa
Kurunata Sujudana
Kurupati, Sujudana
Kusumadilaga, Bima
Kusumajuda, Bima
Lawanasagara, laut Hindia (?)
Madrim, ibu Nakula- Sadewa
Madukara, Satria —, Ardjuna
Mahabarata, buku karangan Abiasa
Maharësi Sang —, Dorna
Ma(n)dura, nagara Baladewa
Marutsuta, Bima
Meralaja, dajeh nagara Darwati
Mintaraga, rekaan Ardjunawiwaha
Munggul-Pawëngan, Satria —, Bima
Nakula, Pandawa nomër opat
Nawarutji, buku Dewarutji di peuntas
Nëmburnawa, oraj naga
Palguna, Ardjuna
Pamadi, Ardjuna
Pandawa, Judistira djg saderekn
Pandü, rama Pandawa
Pandhatmadja, Bima
Pandusuna, Judistira
Pandusuta, Ardjuna

Pantjala, nagara Drupada
Parta, Ardjuna
Pawanasuta, Bima
Pawitra, tjai kahuripan
Pinten, Nakula
Pramesti, Batara Guru
Rama, Batara —, Pangeran Ayodya
Rukmakala, Baju djadi buta
Rukmuka, Indra djadi buta
Sadewa, Pandawa bungsun
Sakuni, patih Astina
Santanu, karuhun Kurawa djg Pandawa
Sëmiadji, Judistira
Sena, Bima
Sindukalangan, Djajadrata
Sokalima, depok Dorna
Sujudana, radja Astina
Sumadilaga, Bima
Subadra, garwa Ardjuna
Suralaja, tempat Dewa
Surjalaga, Ardjuna
Tabla-Kantjana, sindjang Bima
Tangsen, Sadewa
Tjindepura, Aria —, Dursasana
Tiptaning, Ardjuna
Tjitranggada, karuhun Pandawa/ Kurawa
Ugrasena, saderek Basudewa
Uma, geureuha Batara Guru
Widjaja kusuma, këbang kahuripan
Widura, kapi ejang Kurawa/ Pandawa
Wërkudara, Bima
Wiku, Sang —, Dorna
Wirata, nagara Matsyapati
Wisnu, Dewa nu nitis ka Krésna

**BUKU-BUKU KARANGAN, REKAAN
ATAWA SARUNGSUMAN**

M. A. S A L M U N

KALIARAN BALAI PUSTAKA

Tjiung Wanara

Ekalaja Palastra

Mundinglaja

Goda Rantjana

Asmara Dahana

Mintaraga

Padalangan Di Pasundan

Dewarutji

Mahabarata

Gogoda Ka Nu Ngarora

Pantjawarna

Sisindiran

DJAWATAN PERLENGKAPAN DAN BANGUNAN

P. P. K. BAHAGIAN PENDJUALAN

DJALAN NUSANTARA 19

—

DJAKARTA



No. 752-'52